ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№177-178 (21.336)● 2008 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 11, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

ЗэІущІэ щхьэпэхэр

ШЭДЖЭМ РАЙОНЫР лэ жьыгъэ Іуэхуклэ къыщыдэхихыхь етІуанэ махуэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен япэу дыхьащ цІыху мин 11-м щІигъу щыпсэу Щхьэлыкъуэ къуажэм. Ар Іухьащ 2-нэ курыт школым. Мы еджапІэр ящІ иджырей зэманым кьигъэув нэхъ пщалъэ хэпльыхьа дыдэхэм тету. Ухуэныгъэм щІадзащ 2008 гъэм и мазаем икІи мы зэманым нагъэбгъэдаугъэ фэ тетщ. ЗэхІэ мы школым и едзакІуэхэр 1-нэ курыт еджапІэм щэджагъуакІуэу макІуэ.

Гъуэгум здытетым, Президентыр къуажэдэсхэм яхуэзащ. Иужьрейхэм абы кьыхуаІуэтащ зыгъэпІейтей Іуэхуэхэр: гъуэгуэр зэрагъэпэщыжьын, зэрызекІуэ транспортым и лэжьыгъэр ирагъэфІакІуэн хуейщ. Къанокъуэ Арсен къуажэмрэ куейм рэ я унафэщІхэм ельэІуащ автобус хэр тэмэму зекІуэн папщІэ эфІагъэкІын хуейуэ кьыхальхьхэр ягъэхьэзырыну. Апхуэдизу абыхьи и кьалэщ Щхьэлыкъуэ къуажэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрызэиужьынум и план зэхальхьэну.

Апхуэдэу республикэм и унафэщІым зыхуагъэзащ щІэуэ кьыззІуаха кхъэм и бжьыкІэр ягъэувынымкІэ кьадэІэпыкъуну. Къанокъуэ Арсен кьигъэгугащ ахъшэ яхуитІыпщыну. Абы Щхьэлыкъуэ щыпсэуэхэр кьыхуриджащ нэхъ жьыдэхэру щытыну. «Къуажэр щІыпІэ хьарзынэм щыІэщ икІи пжьапІэ Іэнатіэхэр кьызззэигъэпэщыну Іуэхущапіэ куэд щаухъунэ Щхьэлыкъуэм районым кьыхэжаныкІыу псэуфынщ», - кьыхигъэщхьэхукІащ абы.

Езанэ школым Президентым кьыщыІущІащ узрэдэхэмрэ кьафэхэмкІэ. Ар ныбжьыщІэхэм ехьуэхьуащ ехьулІэныгъэхэр кьахьу еджэну, щІэныгъэ нэхьыщхьэ иужькІэ зрагъэгъуэтыну.

Президентым гу льитащ еджапІэм и унэльащІэхэр жьы зэрыхьуам икІи абы и шхапІэр хуабжьу егугъуу ремонт ящІын зэрыхьуейм.

Президентымрэ абы и гъусэхэмрэ иужькІэ кІуащ «Налшык-20» дзэ кьалэ цІыкІуу нэхъапэм щыта Звездно жылагъуэм. Абы щыпсэухэм кьыжраІащ щІым щІэлъ бжьамийхэр, кІапсэхэр жьы зэрыхьуар. Школыр зэрагъэпльэ системэр иужьу ремонт зэращІэ ильэс 18 мэхьу. Президентыр щыхьащ биологиемкІэ, физикэмкІэ кабинетхэм. Абы КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий жрІащ еджапІэм унэльащІэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ зэрагъэпэщыныжьмкІэ дэІэпыкъуну. Е.Зым и уней мылькум кьыхихьу Президентым мы школым компьютерыщІэу 10 кьыхуищэхуну кьигъэгугащ.

Жылагъуэм щыпсэухэм ягу кьоуэ спортым зыщыхуагъэсэну пэшышхэу зэрамыІэр. Нэхъ тэмэму жьыпІэмэ, апхуэдэ пэш кьуажэм щыІэщ, ауэ ар зейр ЗыхьумэжьныгъэмкІэ министерствэрщ икІи кьратыжьныр кІыхьлІыхь хьуащ. А Іуэхур зэфІэкІынущ, зззэмызэ хуабжьу кьиу Щхьэлыкъуэпсым и Іуфэхэр зэрагъэбыдэнуми хуэдэу.

121-нэ полкыу Зведзнэ жылагъуэр зи хэщІапІэм Президентыр «Ура!»-кІэ щрагъэблэгъащ.

Апхуэдэу хьэщІэхэм ГІапэу кьащьІыущІащ Янькьуей кьуажэм ЩэнхабзэмкІэ и унэм. А жьыпм и щколым КъБР-м и Президентым кьыщІехьуэхьуахэщ балькъэрыбзэкІи адыгэбзэкІи.

Апхуэдэу республикэм и Іэтащхьэр Каменкэ, Янькьуей, Щэджэм Етіуанэ кьуажэм щыпсэухэм яхуэзащ. Зэіущіэхэр хуабжьу щхьэпэу щытащ.

АРГЪЕИКЪУЭ Хьэбыж.

Улахуэм и Іуэхуклэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и правительствэм и зэІущІэ щІмыгъэсу кІуэ Іуэхущ. Ар пасэрыгъэу щыта щыналъхьу и Іуэхущапіэхэм улахуэмкІэ ятелъ щІыхуэхэр пщынымжьымым, лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэхэр зэрагъэзащІэ щІыкІэм, иогъущІхэмк.***

ЗЭУЩІЭМ кьызэрыщыхагъэщамкІэ, Адыгэйм и Іуэхущапіэхэм улахуэмкІэ щІыхуэу сом мин 300-м щІигъу, «Адыгейм и авиалиниехэр» ОАО-м и закъуэ сом мелуаным щІигъу ятелъ.

Адыгейм и премьер-министр Кьэрашэ Мурат кьыхигъэщащ статистикэр къэгъэнаэу, улахуэмкІэ щІыхуэхэр зытетІэкІыжа зэрыхьуну Іэмалхэр къэгъэуэтын хуейуэ. Іуэхум теухуауэ къэпсэлъащ Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэр.

Адыгэ зэхуэс

Жэпуэгъуэм и 3 - 6-хэм Адыгэ щэнхабзэмкІэ дунейпсо фестиваль республикэм щекІуэкІынущ. Адыгейм щэнхабзэмкІэ и министрым и къудэІо Сэфбецокъуэ Іэмишат зэрэжеІамкІэ, зэхуэсым и кьалэн нэхъыщхьэр адыгэ уэрэдыр, зыпкъ макьымэ Іэмэпсымэхэр хуэмэныри, абыхэм зегъэужьынырщ.

«ИСЛЪЭМЕЙ» ансамблым и фІыгъэкІэ лъэпкъ макьымэр, гъуэзджэр Адыгейм хьума щохьу. Апхуэдэу фІыщІэ ин яхуэфащэу нэгъэзыщІ щыпІэхэм щыпсэу адыгэхэми, я нэхъыжьхэм кьыхуагъэна щІэнипи яІэщІымэхэу ноб» кьызэрахьэсам щхьэкІэ», - кьыхигъащащ Сэббецокъуэ Іэминат.

Адыгэ дунейпсо фестивалым хэтынущ Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм, хамэ къэрал 11-м кьикІыну ди лъэпкъэгъуэхэр. Зэхуэсым текІуэдзну мылькум щыщу сом мин 300-р федерал, сом мелуан 1,5-р республикэ бюджетым кьыхэкІынущ.

Мамырыгъэм кьыхураджэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Ипщэм и артистхэм я 11-нэ дунейпсо фестивалу «Кавказым мамырыгъэ щыІэм» зыфІащар мы махуэхэм Волгоград щекІуэкІ.***

КъШР-м и президентым и пресс-Іуэхущапіэм кьызэритамкІэ, республикэм и зэфІэкІыр щагъэлъагъуэу фестивалым щыІэщ Къэрэшей-Шэрджэсым щэнхабзэмкІэ и министр Бэрокъуэ Рэмзан зи пашэ щІэныгъэлІ, артист, сурэтыщІ гуп.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Тэрч куей

И кІэм ноблагъэ

РОСТО-м (ДОСААФ) и Тэрч район кьудамэм и унэр зэгъэпэщыжьынымтеухуауэ иужьрей ильэс зыбгъупщым лэжьыгъэ щхьэхуэхэр щІэх-щІэхыурэ ирагъэкІуэкІ пэтми, кхъахэ хуэщи, фэкьахутегъащауэркъым. Апхуэдэ щытыкІэр зи гъэтэрИ, ДОСААФ-м и унафэщІхэр иужь ихьащ ухуэныгъэщІэхэр егъэкІуэкІыным: унэм щІэуэ иджыри зы Іыхьэ кьыпащІыхьащ, класс пэшхэр нэхъ ин ящІащ, унащхьэр зэрахъэжІащ. Лэжьыгъэхэр екІуэкІыху, организацэм и унафэщІхэм унэльащІэхэр, зэреджэну Іэмэпсымэхэр щІэуэ зэрагъэпэщ. Тэрч куейм и РОСТОДОСААФ-м и унафэщІ Дэбагъуэ Алексей зэрыжиІамкІэ, 2008 - 2009 гъэ еджагъуэм кьриубыдэу мы Іэнатіэм зи армэ кІыгъуэ ныбжьыщІэу 50 шофёр Іэщ Іагъэм щыхурагъэджэнущ, апхуэдэ Іэщ Іагъэлъ 150-рэ хозяйствэм и Іэнатіэ щхьэхуэхэм хуагъэхьэзырынущ. Абыхэм еджэн щыщІадзэнущ ихьэзыр хьэзыр хьунущ гъуэгу хабзэхэр, автомобилхэм я зэхэльыкІэр щаджыну класс пэшхэр. Ухуэныгъэ, ремонт лэжьыгъэ псори кьаиэ щымыІэу фокІадэм и 20-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Пшыхьхэр

Депутат Дадэ Суфэдин и псалъэ.

Бейтыгъуэн Іэуес Олимп чемпион Хьущт Аслъэнбэч юбилей медалыр ирет.

ФокІадэм и 9-м Профсоюзхэм Щэнхабзэмкіэ я уиэм пшыхь дахэ щекІуэкІащ.

ТекІуэныгъэм и фэеплъ медалхэр

ДУНЕЙПСО Арткомитетым Кавказ Ищхьэрэм щиІэ кьудамэм игъэхьэзыра «Къэнжал зауэм къэбэрдейхэр зэрыщытекІуэрэ ильэс 300 ирокъу» дыщэ медалыр ирагащ адыгэ лъэпкъым и зыужьныныгъэм хэлІыфІыхь политикхэм, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэхэм, Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэм, ІэнатІэ зэхуэмыдэхэм пэрыт щІыхь жьыдэхэрэм.

Пшыхьыр кьызэІуихри, кьызэхуэсахэмрэ гъунэгъу хэгъуэгуэхэм кьикІа хьэщІэхэмрэ фІэхьыс псальэкІэ захуигъэзащ ар езыгъэкІуэкІа Кьумахуэ Мухьэдин. Абы утыкум кьригъэблэгъащ зІущІэ дахэр зэхэзыща Дунейпсо Арткомитетым Кавказ Ищхьэрэм щиІэ кьудамэм и тхьэмадэ Бейтыгъуэн Іэуесрэ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Кьущхьэбий Анзоррэ.

- Мы зІущІэм тхыдэ мыхьэнэ иІэу кьызолтыгъ, - жиІащ Бейтыгъуэным. - Сыт щхьэкІэ жьыПІэмэ, ильэс 300-м кьриубыдэу мы гъэм япэу ягъэтхапІэу аращ Къэнжал зауэр адыгэхэм я текІуэныгъэкІэ зэриухар. Сэ сызэрепльымкІэ, апхуэдэ зауэ гъащІэ зи щхьэ кьрикІуар нэгъэущІ лъэпкъыу щытамэ, абы иІа мыхьэнэщхьэр кьалъытэу нэхъ пасэу гъэлъэпІэн щІадзэну кьыщІэкІынт. Ауэ дэ ар тхуэзфІэкІ щыхъуар иджыщи, фы Тхьэм кьытхудигъакІуэ. Махуэшхэр екІуэкІыным и пэ кьихуэу дэкІуэу кьэпльытащ адыгэм и цІэр зыгъэІу, лъэпкъ зэхэщІыкІ зиІэ, абы и хабзэхэмрэ бзэмрэ зезыхъэ, зыужьныгъэм хэлажьэ щІыху пашэхэр зэрыдгъэхъэпІэн дыщэ медаль кьыдэдгъэкІыну. Ди гуапэу фи пащхьэ кьыдошэ фэеплъ медалыр зыхуэдгъэфэщахэр.

АдэкІэ псалъэ зрата тхыдэдэк Къущхьэбий Анзор кІэщІу тепсэлъыхьыжащ ильэс 300 и пэкІэ Къэбэрдей щІынальэм щекІуэкІа Іуэхугъуэм. Абы кьыхигъэщащ а зауэ гуащІэм Къэбэрдейм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэм, къэрал псом дежкІэ мыхьэнэщхьэ иІэу зэрыщытар.

- Кърым хьаным Уэсмэн империр и дэІэпыкъуэгъуу ильэс 300-м щигъукІэ иригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэр, псом хуэмыдэу Къэбэрдейр, зэрызыІэригъэхьэн политикэ бзаджэр. XVIII лІэщІыкІыгъэ и пэщІэдзэхэм нэхъ гуащІэу кьецуэу щІадзащ ахэр ди лъахэм. Ауэ абы щыгъуэм Къэбэрдейм и тепщэу щыта ХьэтІохьыщокъуэ Кургъуокъуэ кІэщІу ягуригъэІуащ зым и жьауи щІэувэну зэрыхуэмейр. Мис абы и ужькІэ Уэсмэн къэралыгъуэм и пащтыхьым и Іэ зыщІэпь указыр кьыдэкІащ икІи 1708 гъэм Кърым хьаныр Къэбэрдейм кьытеуащ.

Дэфтэрхэм кьызэрагъэлъагъуэмкІэ, цІыху мин 50-м кьыщыщІэдзауэ мини 100-м нэх хьу кьрымыдзэр Къэбэрдейм кьагъэхІуащ. Ар ауэ щытащ, ауэ мазэрэ ныкъуэм кьрибыдзу екІуэкІа зауэ гуащІэм кьры-

- Кърым хьаным Уэсмэн империр и дэІэпыкъуэгъуу ильэс 300-м щигъукІэ иригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэр, псом хуэмыдэу Къэбэрдейр, зэрызыІэригъэхьэн политикэ бзаджэр. XVIII лІэщІыкІыгъэ и пэщІэдзэхэм нэхъ гуащІэу кьецуэу щІадзащ ахэр ди лъахэм. Ауэ абы щыгъуэм Къэбэрдейм и тепщэу щыта ХьэтІохьыщокъуэ Кургъуокъуэ кІэщІу ягуригъэІуащ зым и жьауи щІэувэну зэрыхуэмейр. Мис абы и ужькІэ Уэсмэн къэралыгъуэм и пащтыхьым и Іэ зыщІэпь указыр кьыдэкІащ икІи 1708 гъэм Кърым хьаныр Къэбэрдейм кьытеуащ.

Дэфтэрхэм кьызэрагъэлъагъуэмкІэ, цІыху мин 50-м кьыщыщІэдзауэ мини 100-м нэх хьу кьрымыдзэр Къэбэрдейм кьагъэхІуащ. Ар ауэ щытащ, ауэ мазэрэ ныкъуэм кьрибыдзу екІуэкІа зауэ гуащІэм кьры-

Кьарэмырэ Фаризэт ягъэлъапІэ.

Пшыхьым хэта адыгэ пщащэхэр.

Сосналы СультІан.

мыдзэр хагъэщІащ, Къэбэрдейм, Кавказ Ищхьэрэм и лъэпкъхэр щхьэхуит хьуащ, - жиІащ Къущхьэбий Анзор.

Дунейпсо Арткомитетым Кавказ Ищхьэрэм щиІэ кьудамэм игъэхьэзыра дыщэ медалыр япэу хуагъэфэщащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Къэжэр Альберт сымэ. АдэкІэ утыкум кьрагъэблэгъащ медалыр зыхуагъэфэща политикхэу КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и Іэтащхьэ Іэпщэ Заур, ЕгъэджэныгъэмкІэ, ЩэныгъэмкІэ, узынщагъэр хьумэныкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ Дадэ Суфэдин, КъБР-м щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и кьэрал комитетым и тхьэмадэ Пащты Борис, нэгъэущІхэри.

(КІуэхыр 2-нэ нап.).

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Хьэрычэт лэжьакІуэхэр Іуащхьэмахуэ лъапэ щоджэ

КъБР-м Экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ «Озон» хьэщІэщым кьыщызэригъэпэщащ студенту, еджапІэ нэхъыщхьэхэр къэзыуха Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэу 40-м я щІэныгъэр щыхагъэхъуэн махуищ дагерь. 2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м и экономикэм папщІэ кадрэхэр гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и программэм ипкъ иткІэ, ар нобэ щыщІэдзауэ фокІадэм и 14-м нэсыху екІуэкІынущ.

Лагерым щыІэхуэсахэм щыгъуазэ защІынущ хьэрычэт Іуэху мыинир дэІыгъыным и лъэныкъэкІэ къаралым зэфІигъэкІ лэжьыгъэхэм. Ахэр едэІуэнущ республикэм нэхъ зэфІэкІышхуэ щыгиІэ хьэрычэт лэжьакІуэхэм, банк ІэнатІэм и лІыкІуэхэм, гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я лэжьакІуэхэм, хьэрычэтыщІхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщхэм я докладхэм. Курсхэр зэфІэкІа иужь, зи щІэныгъэр хэзыгъэхьуахэм зыхуэфащэ сертификатхэр иратыжьнущ.

ЕФЭНДЫ Ритэ.

● Май куей

Бжьыхьэсэм зыхуагъэхьэзыр

Май куейм еужьэрэкІыу бжьыхьэсэм зыхуегъэхьэзыр. Мэсфумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэхэмкІэ район управленэм хьыбар кьыІэритамкІэ, явэн хуейуэ щы гектар мини 6 яІэщ. Абы щыщу гектар 1000-р «Александровскэ» предприятэм ейщи, нобэм ирихьэлІэу хьэсэхэм я зэхуэдитІыр яващ.

«Красная Нивэ» СХПК-м гектар 1500-рэ, «Ленинцы» предприятэм - гектар 2000 явэну кьапэщылъщ. Мы хозяйствэхэм бжьыхьэсэр и зэманым зэрызэфІагъэкІын мэкьумэш техникэ зэпэщ яІэщ. Лэжьыгъэр зы дакъикъи зэпыуркъым. Дунейр мыпхуэдэу уэфІу екІуэкІмэ, бжьыхьэ вэн-сэныр и чэзум зэфІэкІынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Тэрч куей

И кІэм ноблагъэ

РОСТО-м (ДОСААФ) и Тэрч район кьудамэм и унэр зэгъэпэщыжьынымтеухуауэ иужьрей илъэс зыбгъупщым лэжьыгъэ щхьэхуэхэр щІэх-щІэхыурэ ирагъэкІуэкІ пэтми, кхъахэ хуэщи, фэкьахутегъащауэркъым. Апхуэдэ щытыкІэр зи гъэтэрИ, ДОСААФ-м и унафэщІхэр иужь ихьащ ухуэныгъэщІэхэр егъэкІуэкІыным: унэм щІэуэ иджыри зы Іыхьэ кьыпащІыхьащ, класс пэшхэр нэхъ ин ящІащ, унащхьэр зэрахъэжІащ. Лэжьыгъэхэр екІуэкІыху, организацэм и унафэщІхэм унэльащІэхэр, зэреджэну Іэмэпсымэхэр щІэуэ зэрагъэпэщ. Тэрч куейм и РОСТОДОСААФ-м и унафэщІ Дэбагъуэ Алексей зэрыжиІамкІэ, 2008 - 2009 гъэ еджагъуэм кьриубыдэу мы Іэнатіэм зи армэ кІыгъуэ ныбжьыщІэу 50 шофёр Іэщ Іагъэм щыхурагъэджэнущ, апхуэдэ Іэщ Іагъэлъ 150-рэ хозяйствэм и Іэнатіэ щхьэхуэхэм хуагъэхьэзырынущ. Абыхэм еджэн щыщІадзэнущ ихьэзыр хьэзыр хьунущ гъуэгу хабзэхэр, автомобилхэм я зэхэльыкІэр щаджыну класс пэшхэр. Ухуэныгъэ, ремонт лэжьыгъэ псори кьаиэ щымыІэу фокІадэм и 20-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гъэунэхуныгъэхэм кьрикІуахэр белджылы щыхъунур жэпэгъуэм и 21-рщ.

Дерс кьыхихакъым

Кьухьэщ Іэм дерс кьыхихакъым Кужым егъэщІылдауэ кьэхьуа Іуэхуэхэм, жиІащ УФ-м нэгъэущІ кьрал Іуэхуэхмкіэ и министр Лавров Сергей.

Абы США-р игъэкъуэншащ аргуэру Кужыр Іэщжкіэ зэщІиуэдэну зэрыхущІэкъым кьыхэкІы. «Апхуэдэ Іуэхуэм зыхуаипэр дуней псом щалъэгъуащ, атІэ абыхэм щхьэ кьыгъэгъэжьын хуей?» - щІэупщІащ министрыр.

Дэлэл хэмыту

УФ-м и вице-премьер Иванов Сергей Новгород Ищхьэрэ кьыщызэІуаха «Урысей зэкьуэтыр» 13-нэ промышленно-экономикэ форумым кьыщыгъэльащ.

Абы кьыхигъэщхьэхукІащ гъэсэныпхъэ зыщІэхэмрэ ар зыщІэху авиакомпаниехэмрэ яку дяпэкІэ дэлэлхэр зэрыдэмытыжьынур. ИтІанэ иджырей зэІуамылъэныгъэхэм хуэдэ кьхъэункъым, кьыхигъэщхьэхукІащ Иванов Сергей.

НаІуэ зэрыхъуамкІэ, гъэсэныпхъэкІэ щІыхуэщхуэ зытеха «Эйр-Юнион» концерным жпуэгъуэм и 27-м щыщІэдзауэ щІыхуэхэр кьриІэжьыжынукьым. Абы и кхъухьлъатэхэр кьэзыгъэсэбэныр «Атлантсоюз» компаниерщ.

Пшхы мыхъуну джэдыл

БзаджащІэхэм сыт хуэдэ Іэмалхэри кьагъэсэбэн, мылькуэ зыІэрагъэхьэн щащІэ.

Иджы дыдэ Полышмрэ Украинэмрэ я гъунапкъэм кьыщагъэувыІащ диоксин щхъухь зыхэль джэдыл зэрылъ вагон 14. КьызэрыщІэкІамкІэ, ахэр Бельгием кьрашат икІи блэкІа лІэщІыгъуэм и 90-нэ гъэхэм льандрэ щылъат. А кьэхъукьащІэм аргуэру зэ кьигъэлъэгъуащ а зэманым Урысейм Кьухьэпі эм джэдыл кьишныр игъэувыІауэ зэрыщытар зэрытэмэмр.

ПІасхъэщІэхэр щыхьэт тохъуэ

США-м и разведкэм зиумысыжащ Кужым теухуауэ илэжьахэмкІэ Урысейр зэрызэхуэмкІэ.

Осетие Ипщэм теуар Кужырщ, армыхъумэ нэгъэущІ кьарукъым. Ар апхуэдизкІэ белджылыщи, утемыпсэлтыхьми хуэнущ, жиІащ США-м и республикэ нэхъыщхьэ сенатор Роребакеккер Данэ.

Кужым бзаджэнаджагъэ зэридзэкар жаІэ Кьухьэпі эм и нэгъэущІ политик цІэрыІуэхэми.

(ИТАР-ТАСС).

◆ ЛъэпкъкІэ адыгэхэм кьатехьэкІа Ушаков Федор и унафэм щІэту урысей кьхъухьэр Сенатрэ хьатІыгум и деж тырку эскадрэм щытекІуа махуэщ (1790).

◆ 2001 гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм нэхъапэм зи инагъкІэ тхыдэм зэн кьыщымыхъуэ террорист щІэпхьаджагъэхэр щалъэжащ. Хэкъуэдахэм яхуэщыгъуэу США-м щагъэлІащ Патриотым и махуэмрэ ТхьэщелъэІу, хэкІуэдахэр ягу кьащагъэкІыж махуэмрэ.

◆ Ильэс 35-рэ (1973) япэкІэ генерал Пиночет Аугусто я пашэу Чилим и зауэлІхэм кьаралым и правительствэр тридзащ. Президент Альенде Сальвадор яукІри, кьэралыр ильэс 17-кІэ дэ диктатурэм и бжьым щІэтащ. 1973 гъэм политикэ щхьэусыгъуэкІэ щыхуэ 3190-рэ Чилим щауІауэ, щыхуэ 1000-м щІигъу хьыбаршІэу щыбзэхауэ кьалъытэ.

◆ Ильэси 135-рэ и пэкІэ (1873) дуней псом щыяпэу Петербург и уэрамхэм ящыщІ зым блэн щыщІадзащ фэтыджэн уэзджыгъэр зэрызэрахьуэкІа электрофонархэм.

◆ Ильэс 70 и пэкІэ (1938) кьызэІуахащ Москва метрополитеным и «Маяковская» станцыр. Ар а лъэхъэнэм ЩІы хуэрейм щыпэхъ куу дыдэт. Мы зэманым архитектурэм и фэепльщ.

◆ ФокІадэм и 11 - 14-хэм Москва щекІуэкІынущ «Москва пшэпльхэр» 2-нэ фестивальр.

◆ 1937 гъэм кьалъхуащ КъБР-мрэ СССР-мрэ я щІыхьэ заслужитист **Кобзон Иосиф.**

◆Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 42-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 25-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 43-рэ.

Пилпэнэр зыгъэхьэзырыр ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Іуэрыіуатэ нэхьрэ - нэрылъагъу.

● Дзэлыкъуэ куей

«Малкэ» шы заводыр къощІэрэщІэж

Къэралым щекІуэкІа зэхъуэкІныныгъэхэм я зэранкІэ зи зэфІэкІыр ехуэхауэ щыта «Малкэ» шы заводыр нэрылъагъуу къощІэрэщІэж.

АБЫ ЛЪАБЖЬэ хуэхъуащ сыт щыгъуэ Урысейпсо шыгъажэхэм икъуэкІэ жану икІи бэшэчу зыкъыщыщызыгъэлъагъуэ адыгэшым ди Іэщ Іагъэлэ Іхэм я мызакъуэу, нэгъэущІ кьэралхэми гульытэ ин хуащІ зэрыхьуар. «Малкэ» шы заводым и унафэщІым и кьуэдзэ Аэмэт кьыщзэрыджэкІамкІэ, щІэупщІэ зиІэ шы лъэпкъыр зэбгъэпэщыжьын папщІэ, ар щыпІыгъыну щІыпІэм куэд елъытащ. 1870 гъэхэм Балъкъ псым и Іуфэм щаухуауэ щыта заводым хуэдэ я зэманым кьэгъуэтыгъуейт: унафэщІхэм я хэщІапІэм кьищыпэмыщІа, абы дэтт «Іэщ пІыкІкъ», «Іэщ хужь» зыфІаща ухуэныгъэ дахэхэр. Иужьрей зэманым ахэр зэгъэпэщыжьынымтригъэжьуэдэн мылъку заводым зэрыбгъэдэмылтыжьынымкІэ зэрыкІыу щэщІэхэр фаджэ хъуат. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкІэ илъэситІ апэкІэ Іэнатіэр зэтрагъэувэжу щІадзащ. Мы зэманым зыхуэІ хуагъэзащ заводым и хьэщІэщыр, «Іэщ пІыкІкъым», «Іэщ хужьым» иращІыкІпІэ лъжьыгъэхэри и кІэм ноблагъэ. Іуэхущапіэм и дыхьэпІэмкІ елъэкьынущ, абы и архитектурэ теплъэ дахэм зыкІи зэран хуэмыхьуу.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Республикэм щыпсэухэм, предприятэхэмрэ Іуэхущапіэхэмрэ я унафэщІхэм гу зылъатапхъэ

Федералыгъэ пощт зэпыщІэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыІэм хьыбар фегащІэ 2009 гъэм и апэ ильэс ныкъуэм кьрагъэхьын папщІэ, газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трагъадэзэу зэрыщІадзамкІэ.

Фэ нэхъ фигу ирихь кьыдэкІыгъуэхэм Іэ щыщІэвдэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

ФПС-м и Управленэу КъБР-м щыІэр.

«Адыгэ псалъэр» - гъэмахуэ

Теклуэныгъэм и фэеплъ медалхэр

Тхьэгъэлэдж Тимур.

(КЪуухыр. Пщыдэхэр 1-нэ нах.).

Апхуэдэу унэтІныныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ медаль зратахэм ящыщщ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщІхъ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфЫыІэ Мухьэмэд, «Адыгэ псалъэ» газетым и литературэ обозревательх, критик Къэрмокъуэ Хьэмид, Къэбэрдей-Балъкъэр ВГТРК-м и тхьэмадэ Жаримэ Руслан, КъБР-м егъэдэкІыгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфэрбий, КъБКъУ-м Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ ІуэрыуатэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ ЦІыпІыкІ Асльэн, «Бум-Банк» ООО-м и унафэщІ Жакъуэ Къанэбий, 2008 тхьм и Олимп кемпион Хъущт Асльэнбэч, Абхъазым, Афганистаным щекІуэкІа зауэхэм хэта, «СССР-м щыIэ зиІэ и дзэ кхъухьльатэзэхуэ» щІэ лъапІэ зыхуагъэфщэ Сосиа-дзе СультІан, Абхъаз Республикэм и Президентым и лЫкІуэу КъБР-м щыІэ Егъэн Ибрэхым сымэ, нэгъуэщІхэри. Спорт, туризм, хъэрычэтыщІэ, щэнхабэ, егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, журналистикэ, мэкъумэш хозяйствэ, сату �ІэнатІэхэм пэрыт щІыхь пашэу 100-м нэблагъэм хуагъэфащащ а дамыгъэ лъапІэр.

ПшыхьыпІ ягъэдэхащ «Кабардинка» къэралакадемическэ ансамблым, «Кавказ пшынальэр», «Экстрим» къэфэІуэ гупхэм, КъБР-м, Ингуш Республикэм щІыхь зиІэ и артистку Даур Ириней, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу Батыр Мухьэдинрэ ШІэдэжьхэщІэ Асльэнбийрэ, Шэщэн, Ингуш, Осетие Инщэм къикІа уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэхэм. Апхуэдэуи кІыхьэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ Шортэн Светланэ зи унафэщІ Лъэпкъ модэмкІэ театрым, Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм и бэрэбэнауэ гупым.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр

Осетие Инщэм и щыхуэ артист Гуцатты Нодар пшыхьым уэрэд щыжеІэ.

● Гу зытъытапхъэ

Лъэпкъ музейм фрегъэзблагъэ

КЪЭБЭЩЕЙ-БАЛЪКЪР лъэпкъ музейм щыпещэ Германием кыкІыжа, философие щІэныгъэхэм я доктор Едыдж Батрай зыхуихьэсыжа, адыгэхэм я щІинальэхэр кІыхьэрыщ картэхэмрэ дг лъэпкъым теухуа тхылъыжьхэмрэ я гъэльэгъуэныгъэм. Ар ирагъэхьэлащ адыгэхэм Къэнжал зауэм текІуэныгъэ кІыхьэрыщахьрэ ильэс 300 щрикъум. Абхъазымрэ Осетие Инщэмрэ зыми ІэщІэмылъ къэрал щхьэхуит зэрыхъуам я щІыхькІэ къызэрагъэпэща зекІуэм хэт къэбэрдей шу 30-р.

Гъэзугуанэ текІуэхэм я щІыхькІэ адыгэ дзкъу зэхашэнущ, лъэпкъ джэгукІэхэр кІыхьзэрагъэпэщынущ, къэрэкІытІэхэр драгъэуеинущ.

Жъущ1эн хъарзынэу ягъэзащІэ



«Хьэмащэ» къэрал Іуэхущапіэм и тхьэмадэ Шурдым Борис жэмышхэмрэ Іэхъуэхэмрэ яущыгъуд.

**Совет зэманым и лъэхъэнэм гъэмахуэ хьупІэхэр зехьэным, аэр фендэ пылъу къэгъэсэбэпэным гулъытэшхуэ хуащІыт. Ар мыхьэнэ ин зрат къэрал Іуэхуу зэрыщытыр Іуущт. Абы щыгъуэ к ологохэмрэ совхозхэмрэ я быдымыр кьущхьэхъу жьыкъм куэду щаІыгьт, гъэш уэр кьаыщрт. ІэщІэрыщІэм лыфІ прагъэшІыр т. Іэщыхъэ зэхэм я лъэжьыгъэр Іэнатіэ куэдым зэуІуу кьыззрагъэпэщыр т. А псом я нэІэ трагъэзт хьупІэхэм щыІэ район штабхэм, хозяйствэхэм я унафэщІхэмрэ Іэщагъэлъ1эмрэ.

«ЗЭХЪУЭКІЫНЫГЪЭ» фІэщу къраухьэжьауэ щыта Іуэху зехьэкІэ мыгурыІуэгъуэм и зэранкІэ колхозхэмрэ совхозхэмрэ щызэпещэхэм, Іэщ гъэхьуным и Іэнатіэри абы дэкІуэджьауэ щытащ. Къущхьэхъу щІыпІэхэр ябгьнэжьным нэсат, хьупІэхэр нэщІт, зэрыкІэлъыплъыж щІагъуи щыІэтэжьым.

Иджы, ди гуапэ зэрыхъунщи, а Іэнатіэм хуэм-хуэмурэ зыкъеуежьыж, щІыхуэхэм Іэщ гъэхьуным зратыж, мэкъумэш предприятэхэм кьадэкІуэу фермер, унагъуэ хозяйствэ зрагъэкІуэнэху, я быдымыр гъэмахуэ хьупІэхэм ягъакІуэ.

«Хьэмащэ» къэрал Іуэхущапіэм дыщынэсам, ту лЫдымытэу къэнакъым абы «псэ кьызэрыхьхьэжьым». ЗэкіелъкІуэу кьешка и щхьэм удэыр уэрэу кьызэщІигъэуваци, ар быдымым пэрыхьэту ягъуэт.

Зэм зы лъэныкъуэмкІэ, зэм адэймкІэ щыхьэкІуэу дызыщрихьэлІэ хьущхьэхэм я тепльэм нэр игьэгу фІэрт. Нэрылъагуэт Іэщыхьуэхэр я кьалэным хьэлэлу зэрыпэрытыр.

Аращ «Хьэмащэ» къэрал Іуэхущапіэм и унафэщІ Шурдым Борис псом япэу зи гугъу кьытхуищІари. Езы Шурдымыр илъэс куэд хьуауэ кьущхьэхъум итщи, зэтрэкІэ хьупІэмкІ и щытыкІэм, абы щекІуэкІ лэжьыгъэм фІыуэ щыгъуэзэщІ. Хьэмащи, Мазэхи, Кьущщтани, Домбеи, Кьэнжал жьыкъм и зэхуэдитІри, ЕкІэпІ щэкъуи дзлъ Іуэху псори тэмэму зэфІех. А хьупІэхэм зы жэмыши Іэщыхьуи щыІэу кьыщІэкІынкъым и щхьэкІэ имыцыхуу, и унагъуэкІэ зыхуэдэм щымыгъу азэу. Араш пщІэшхуэ къыщІыхуэ ящІри. «Гууз-лыуэ иІэщ, дызыхуейхэм, дызыхуэнныкъуэхэм щІэмычэу къыщІопупщІэ, дапщэщи гуапэ у кьыгъхуущытщ», - кьыхагъэщащ абы хэм.

ДызытекІуэхар щыжкетІэм, езыр хуабжьу кьытщыгуфІыкІащ, я лэжьыгъэм дихитэгъуэзащ, ди унафэщІ Лъэпкъ модэмкІэ театрым, Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм и бэрэбэнауэ гупым.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр

«Хьэмащэ» къэрал Іуэхущапіэм и тхьэмадэ Шурдым Борис жэмышхэмрэ Іэхъуэхэмрэ яущыгъуд.

щІэзэз пэшыр, фельдшер пынктхэр мэлажьэ, «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэр» зыхуей медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ тэмэму кьызэрагъэпэщащ. А лэжьыгъэр гугъэзагъэу ду дохутыр нэхьыщхьэ Хьэщэ Руслан.

Псы и лъэныкъуэкІэ ди Іуэхур зэтэщІ, ар щІыпІэ псомрэ пэрыхьэту щагъэт. Ягъэ и щытыкІэм кІэлъопплъ «Къэббалькъэлсельхозводпровод» къэрал Іуэхущапіэм и Іэщагъэлі Хьэжькьырокъуэ Руслан. Гундэлэн кьыщыщІэдзауэ Кьураты нэс тек кІапсэу километр 40 щыукъуэдиящи, абы псэуалъэ 17 зэпымыуэу электрокъарукІэ кьызэрегъэпэщащ. Пасэу щІадзэри ди гъэзэгъэр арэзы дыкьнщу зэрагъэпэщыжащ, фермэ екІуэлІапІэхэр зыхуей хуагъэзащ. Щауэ Юрэ зи унафэщІ Бахьсэн ДРСУ-м Гундэ лэнрэ Хьэмащэрэ зэпызыщІэ километр 11-р егупуу ремонт ищІащ, Кьэнжал щыкІу и дыхьэпІэм егупуу елажьащ.

Іуащьхэмахуэ ДРСУ-ми лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ. Ахматов Мурадин зи унафэщІ и Іуэхущапіэм куэдкІэ иригъэфІэкІуащ Былым - Хьэкъчуафэ, Іыгныкуэ - ЖІуІэрджэн, Бедык - Алтэгиякъ щІыпІэхэр зэльъэзыгъэпсэ гъуэгухэр.

- Бгъуэт гъэхэм дыгъуэхэр хуабжьу етауэ щытащ. Ябдзмэ, Іэщыкхуэхэм, Іэщкіэ щатеуэ кьхъуарт. Апхуэдэ щытнагъуэ нобэ щыІэкъэ?

- ЩыІэкъым. Иджы илъэс кьэс республикэм и МВД-м и лэжьыкІуэхэр ди гъусэу кьущхьэхъум кьыдокІ. Аэр хабзэм кІэлъыплъ кьудейкьым. Дэтхэнэми пщэрыльэ зырыз иІэу ЩэщІыкъуэ Резуан, Алмэ Хьэбибэ, Іэхъуэхэу Маргьуф Малил, Кьалэжьокьуэ МуІэед («Джатэ» КФК), жэмышхэу Махуэ Мусыбимэт, Кьаныжьэ Ларисэ, Албот ТІэхьир, Ал ну ев Жаухьар, Іэхъуэхэу Черкесов Сулеймэн, Хэжь Іэбубэчыж, Саупаров Мажит. Къуэдзэкъуэ Мухьэмэд («Соблыр» КФХ), жэмышхэу Къэкъуэл Хьэлимэт, Кьанджэз Резуан («ЩэлтатуЧ» ЗАО), щхьэзэкъуэрылажьэ Гуртуев Шарафий и гупым щыщыжу жэмыш икІи Іэхъуэ кьалэнхэр зэдэзыхьхьэу Доттуев Валерэрэ Хутуев Исмэхьилрэ, нэгъуэщІхэри.

- Дяпэкіэ къущхьэхъум фермэ нэхъыбэ кьыдэкІыну щыІащ. Абыкіэ щыІэ Іэмалхэм я гугъу кьытхуащІыт.

- Ди гуапэ зэрыхъущи, апхуэдэ жьрдэм зиІэхэм я бжьгъэм хохьуэ. Хьэмащэ хьупІэхэм щыщыхуэ яубыд. Хуей псоми ар хабзэ пыухьыжьмэ тету бэдзэнду еттыну дыхьэзырщ. Абы папщІэ аукционхэр кьызыдогъэпщэщ, зыхуей тхылъхэр догъэхьазырщ. ХьупІэр бэдзэнду ттын зэрыщІэдзэзэр блэкІа кІыщэ зыщІыплІым щытыкІэм нэрылъагуэу зихьэжащ. Къащтэмэ, хьІфладзэжьауэ щита фермэхэм ящыщу 16-м нэблагъэ зэрагъэпэщыжащ, псэуалъэщІэхэр, жэм кьышІэпІэхэр яухуэ, фермэхэм я Іэшэлъашэр зыхуей ящагъаз, хьупІэхэр ягъэкьабзэ. Щыхуэхэращи, ахьшэ хъарзынэ кьызэралъхьым, зыщІэсынкІи ерыскъыкІи гулъытэ зэрагъэхьым Іуэхум трегъэгушхуэ.

Иджы нэгъуэщІ зы кьалэни кьытпэщытщ. Ар Іэщыхьуэхэр Іэнатіэ зэрыултыр хабзэкІэ щІэгъэбыдэныгъ. Щыхур бгъэлажьэкІэ зэфІэкІырхьым - псори чэзущ, и нЫжьырикъуэ пенсэм кІуэн, тІысыжьын хуейщ. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ я зэманым псоми зэрылажьэмкІэ тхьыль яІэу щытащ. Мис а хабзэр хозяйствэ лІэужьыгьуэу псоми щызэгъетъуэзэжьыным иджыпсту долэжь.

- Борис, Хьэмащэ щыІэ фермэ зыбжанэм я Іуэхущафэр зэдгъэлъэгъуащ, жэмышхэмрэ Іэхъуэхэмрэ зэрэдгъэпэщкъуу зэдолажьэ, ехьылІэныгъэ хъарзынэхэр яІэщ, ауэ зэхъуэ унгу зыхуэныкъуэу сытым и гугъу кьытхуэщІыпІ?

- Сvelзыр зэрыныкъуэ гугъу дрегъэхь. Мыбы тес дэтхэнэ зыми и гур я унагъуэмкІэ зэрыщІыпІэм щэху хуэпІыкІыж. Куэдым жыпІ телефонхэр кьыздрахьэжьауэ, ауэ я деж зыпащІэну Іэмал ягъуэткъым. Пкъо льагэ дыдэ диІэщ, зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэр фІэдзэм фІэкІа ремонтэ щІэтыр, ди ныкъуэ, абыкІэ хьупІэр кьытхуэзгъэпэщыркъым, ар нэхъ ди гуныкъуэгъуэщ.

Мыдэкіэ тыкуэным зыхуей псорэ щагъэтэт, Щэнхабзэмкіэ унэр хъарзынэу мэлажьэ. Ар зи фІыщІэр щІалэ жьыгъэ, емыуэзи Хьэшкъуэ МутІэлисщ. Щыху гъуэзэжьащ, сыт хуэдэ пщэрыльри дзгъуэу зэфІегъэкІ.

- Къущхьэхъум фызэрыщыІэнэр ПІалъэ гъэрым тевуха, Борис?

- Абы сытепсэльхьыныр сфІэпасэуІэущ. Сыту жьпІэмэ, фІымрэ яшхынур пэрыхьэту ягъуэт, дунеймэ хъарзынэу зыкъыдэкІуэт, Іэщ1эвыщІэм лыфІ зытралъхьэ. Зы мазэ хуэдиз дэкІмэ, а Іуэхум дегупсысыну кьыщІэкІынщ.

Псэлъэр
ХЬЭ ЖЫКЪАРЭ Аликщ.



«Конкурент» агрофирмэм и жэмышхэу Пщыхьэщ1э Хьэсенбийрэ Къэрмокъуэ Зауэрр.

Гулъытэм куэд иІыгъщ

Илъэс 40 хьуауэ Іэщым сахэтщи, абы жэуапІыныгъэу пылъым фІы дыдэу сыщыгъуазэщ. А зэман кІыхьым кьрнуфыдзу Іэдж си нэгу щІэкІащ. Илъэс куэдкІэ сыкьэІдэкІащ сэ къущхьэхъум. Іуп хъарзынэхэм садэлэ жьащ, зэрыжаІэу, ди гъурп ди щынти зэрыщІэу дыкъызэздекІуэкІащ. Пцы хэмычу, пщІэ кьытхуащІырт, дагъэгушхуэрт. А псом ди лъэр щІигъэкІырти, нэхъыбІыжу дызэрыІэжьэным дыхуащІкъурт.

АУЭРЭ екІуэкІыурэ зэманым зихъуэжри, апхуэдизу Іэщ1э зыхэпльхьа колхозхэр якъутэжащ, кьуажэ мыплькур уэсэпсу бзэхащ. Пщыхьэпіэм хуэдэт ди нэгу щІэкІыр, хэплъэгъуэт, хуэзэщІ кІэдми хуэдэу, ар си гум зэрыщІыхьауэ щытам пцІы хэплькъым. Ауэ «Іей мыхъу фІы хьужькъым», - жаІакъэ. Нобэ дольагъу зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэхэм я фІыгъэкІэ, я колхозэщІ Іэщ гъэхъуным зыкьыІэзэрІэ тыжьр. Мис абыхэм ящыщщ зи Іэнатіэ кьызэІуэзыхьа зеикъуэдэс Къэрмокъуэ Ібумар. Абы и хозяйствэр республикэм щыпашэхэм хабжэ.

Къущхьэхъу. Хьэмащэ хьупІэ.

ЛэжьыгъэфІ диІэщ

Зы зэман «уей-уей» жезыгъэІэу щыта мэкъумэш хозяйствэхэм дащыщыщ дэ. Хъущхэхэр ди куэдт, щІыхуэхэм я гур етауэ я Іэнатіэр ирахьэкІт. Къущхьэхъум дыкъэкІуамэ, гъэш уэр къэлдэкъырт. Іэщ1эвыщІэм лыфІ едгъэщІырт.

КІэщІу жьпІэмэ, гъэмахуэ хъупІэмэ къуажэмэ ди Іуэхуэхэр зэпэщу щекІуэкІырт. Ауэ зэхъуэкІыныгъэр кьыщрахьэжьэм, абы и зэрарыщхуэ кьыдэкІащ. Адрей колхозхэм къащыщІаращ дэри ди натІэ хъуар. Апхуэдизи илъэскІэ зэрагъэпэща, я къуажэ, ягъэбзагъуа щІыхуэб мылькур зэбграхащ.

ДЭРИкъыдгуроІуэ блэкІам укІэльэгъэжкІэ мыхьэнэ зэримыІэр. Тхьам и щыкуркІэ, ирамы нэрылъагуэр республикэм и экономикэм зыкъеІэтэжь, Іэнатіэкэр зэтоувэж, Іэщ гъэхъуным и Іуэхур кьыдадхьж. Щоджэнщ1ыкІым и щІэкІэ щыІэ мэкъумэш хозяйствэри лъэныкъуэкІэ щыткъым - хьушэр зэрыІэзгъэгурегъэувэным яужь итщ. Пэжщ, мы гъэм Хьэмащэ къэтхуэгъэкІуар быдымы 126-рэщ. Абы щыщу 50-р жэмщ. ХьупІэм дыкъыщыдэкІагъащІэм махуэ хъсэ дэтхэнэми хуэзэу ику иту шэ литр 14 - 15-нэблагъэ кьведгъэтащ. Иджыпсту зыбгъупщІ кьыдош. Гъэр здынэсар къэпльытэмэ, ар бжьгъэ Іейкьым.

Кьущхьэхъум дыкъызэрихьэрэ я кьалэныр егупуу ягъэзащІэ жэмышхэу КъущхьэбийФиммэ, Кьунаш Пётр, Іэхъуэхэу Кьущхьэ Хьэсэн, Бабыгуей Хьэжмугуд сымэ, нэгъуэщІхэми. Мазэ улахуэми зытедгъэгусэркъым, хъарзынэу кьыдгъэлэжь.

Дехьжмэ гъавэщІэм щыщу гуэдзу, хьэрэ, нартхьыку тонн зырыз, сэкрану центнер зыщыпІ дэтхэнэми кьыдатынущ. Апхуэдэ гулъытэм ди щІыхуэм я лъэр щІегъэкІ.

Иджырстэу кьуажэм щыІэ ди псэуалъэхэр зыюей хуагъаз, мэкъумыІэр ягъэхьэзыр.

БАБЫГУЕЙ Малил,
Щоджэнщ1ыкІым и щІэкІэ щыІэ мэкъумэш хозяйствэм и унафэщІ.

Аурсэнтх гъэмахуэ хьупІэмэ мы гъэм щыгъуэ былымы 10479-рэ (2911-р жэмрэ жэмыщІэрэщ), мэлрэ бжэну 19820-рэ, шыуэ 1857-рэ.

Ахэр яйщ Аруан, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Прохладнэ, Щэджэм районхэм я мэкъумэш предприятэхэм, мэкъумэшыщІэ-фермер хозяйствэхэм, щхьэзакъуэрылажьэхэм.

Ялэ мазитІым хьупІэм жэм кьэс хуэзэу ику иту махуэм шэ литр 13-15 кьыщашащ, мы зэманым литри 9-10 и кІэ кьыхуэркъым.

P.S. *Хьэмащэ хьупІэхэм иджыпсту жэщ-махуэм гъэшу тонни 9-10 кьыщалэжь.*

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.

Егугъэм къохъулІэ

«ДЖАТЭ» КФХ-р и гъэш фермэм дыщынэсам шэджкагъуэм фІэкІат. Іэхъуэхэр хъушэхэм яхэтт, жэмышхэм загъэпсхурт.

Зэрыдгъэхьу кьыштпежьа я банэ мащкыр щыкІэжьихьам, дыкъэпІэм мыхьбгурыуэт егъэзыпІэ хунтым зы щІалэ кьыщІокІ. Ар фермэм и унафэщІ Джатэ Резуант. «Хьэмащэ» къэрал Іуэхущапіэм и тхьэмадэ Шурдым Борис щІыгъуу щиІыгьым, мо щІалэщІэр зэуэ нэщхьифІэ кьыохъу. Іуфыуэрэт ар абыхэм я деж кІэ нэхъыжьыфІу, дапщэщи чэнджэщэгъу пэжу зэрыщІытыр.

ІЭхъапэІуэкІэ зэхэтхауэ дыщыгъуазэ «Джатэ» мэкъумэшыщІэ-фермер хозяйствэхэм, щхьэзакъуэрылажьэ Гуртуев Шарафий и гупым. ХьупІэм кьыззэрихьэу Хьэсэн, Албот ТІэхьир, Ал ну ев Жаухьар, Іэхъуэхэу Черкесов Сулеймэн, Хэжь Іэбубэчыж, Саупаров Мажит, Къуэдзэкъуэ Мухьэмэд («Соблыр» КФХ), жэмышхэу Къэкъуэл Хьэлимэт, Кьанджэз Резуан («ЩэлтатуЧ» ЗАО), щхьэзакъуэрылажьэ Гуртуев Шарафий и гупым щыщІэу жэмыш икІи Іэхъуэ кьалэнхэр зэдэзыхьхьэу Доттуев Валерэрэ Хутуев Исмэхьилрэ, нэгъуэщІхэри.

- Дяпэкіэ къущхьэхъум фермэ нэхъыбэ кьыдэкІыну щыІащ. Абыкіэ щыІэ Іэмалхэм я гугъу кьытхуащІыт.

- Ди гуапэ зэрыхъущи, апхуэдэ жьрдэм зиІэхэм я бжьгъэм хохьуэ. Хьэмащэ хьупІэхэм щыщыхуэ яубыд. Хуей псоми ар хабзэ пыухьыжьмэ тету бэдзэнду еттыну дыхьэзырщ. Абы папщІэ аукционхэр кьызыдогъэпщэщ, зыхуей тхылъхэр догъэхьазырщ. ХьупІэр бэдзэнду ттын зэрыщІэдзэзэр блэкІа кІыщэ зыщІыплІым щытыкІэм нэрылъагуэу зихьэжащ. Къащтэмэ, хьІфладзэжьауэ щита фермэхэм ящыщу 16-м нэблагъэ зэрагъэпэщыжащ, псэуалъэщІэхэр, жэм кьышІэпІэхэр яухуэ, фермэхэм я Іэшэлъашэр зыхуей ящагъаз, хьупІэхэр ягъэкьабзэ. Щыхуэхэращи, ахьшэ хъарзынэ кьызэралъхьым, зыщІэсынкІи ерыскъыкІи гулъытэ зэрагъэхьым Іуэхум трегъэгушхуэ.

Иджы нэгъуэщІ зы кьалэни кьытпэщытщ. Ар Іэщыхьуэхэр Іэнатіэ зэрыултыр хабзэкІэ щІэгъэбыдэныгъ. Щыхур бгъэлажьэкІэ зэфІэкІырхьым - псори чэзущ, и нЫжьырикъуэ пенсэм кІуэн, тІысыжьын хуейщ. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ я зэманым псоми зэрылажьэмкІэ тхьыль яІэу щытащ. Мис а хабзэр хозяйствэ лІэужьыгьуэу псоми щызэгъетъуэзэжьыным иджыпсту долэжь.

- Борис, Хьэмащэ щыІэ фермэ зыбжанэм я Іуэхущафэр зэдгъэлъэгъуащ, жэмышхэмрэ Іэхъуэхэмрэ зэрэдгъэпэщкъуу зэдолажьэ, ехьылІэныгъэ хъарзынэхэр яІэщ, ауэ зэхъуэ унгу зыхуэныкъуэу сытым и гугъу кьытхуэщІыпІ?

- Сvelзыр зэрыныкъуэ гугъу дрегъэхь. Мыбы тес дэтхэнэ зыми и гур я унагъуэмкІэ зэрыщІыпІэм щэху хуэпІыкІыж. Куэдым жыпІ телефонхэр кьыздрахьэжьауэ, ауэ я деж зыпащІэну Іэмал ягъуэткъым. Пкъо льагэ дыдэ диІэщ, зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэр фІэдзэм фІэкІа ремонтэ щІэтыр, ди ныкъуэ, абыкІэ хьупІэр кьытхуэзгъэпэщыркъым, ар нэхъ ди гуныкъуэгъуэщ.

Мыдэкіэ тыкуэным зыхуей псорэ щагъэтэт. Щэнхабзэмкіэ унэр хъарзынэу мэлажьэ. Ар зи фІыщІэр щІалэ жьыгъэ, емыуэзи Хьэшкъуэ МутІэлисщ. Щыху гъуэзэжьащ, сыт хуэдэ пщэрыльри дзгъуэу зэфІегъэкІ.

- Къущхьэхъум фызэрыщыІэнэр ПІалъэ гъэрым тевуха, Борис?

- Абы сытепсэльхьыныр сфІэпасэуІэущ. Сыту жьпІэмэ, фІымрэ яшхынур пэрыхьэту ягъуэт, дунеймэ хъарзынэу зыкъыдэкІуэт, Іэщ1эвыщІэм лыфІ зытралъхьэ. Зы мазэ хуэдиз дэкІмэ, а Іуэхум дегупсысыну кьыщІэкІынщ.

Псэлъэр
ХЬЭ ЖЫКЪАРЭ Аликщ.

Ди Хьэбибэ

«ДЖАТЭ» КФХ-р кьыззрыззрагъэпэщ лъандэрэ абы и гъэш фермэм щоладжьэ республикэм и жэмыш пашэхэм ящыщу зэман кІыхькІэ кьэгъуэгурыкІуа, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 9-нэ хэхыгъэм и щыхуэб депутату щыта Къарамзхьэлэ Іуэхуэжьным щыщІ Алмэ Хьэбибэ. Илъэс 33-рэ мэхъу ар Іэщым зэрыщхэтри, ноби жьыдэжрщ, зэрыІэдэбщ, зэрыгуГурлыщ.

«Ди Хьэбибэ». Апхуэдэущ а щІыхуэб гуапэм псори зэреджэр. Зы Іуэху гуэр зэфІэхьын хуей хьумэ, «ди Хьэбибэ феупщІ, фечэнджэщ, абы зэрыжиІэм хуэдэу фщІы», - жаІэ. Зэрыщытри аращ.

«Мы слъагъур хэт, кьуажэм уехьжауэ кьыізжалати, - нэфІегуфІэу пожьэ «Хьэмащэ» къэрал Іуэхущапіэм и унафэщІыр кьытхуэкІуэ цІыхуэ ІыдгъуГъуафІэм. «ЗэвгъэцІыкІу, мыр ди Хьэбибэщ, хьупІэм щыІэ псори дызэрыгушхуэ ди жэмыш емызэщыжыщІ».

Жэм 30-м щІигъу абы кьызэрищыр щызэхэтхэм, дгъэщІэгъэщащ, «дауэ пэлъэщІэ», - жьІэри.

«Сесащи, кьыстехьэльэркьым, фермэм тесэр дызэдоІэпльхьэрти, лэжьыгъэр тщегъэпсынщІэ. ИтІана, адрейхэми хуэдэу, маз ныкъуэ кьэскІэ апхуэдизкІэ кьуажэм зыщызогъэпсэху, си кьуэрылъху-пхъурылъху щІыкІуцыщІэщи, хэдгъэзэныхьауэ зыри яхэтхъым, псори арэзыуэ, я гум фІэфІу кьыдэкІащ. Дэри абыхэм дахуосакъ, дадоІэпыкъу. Махунтху кьэскІэ Іэхъуэхэм зызэблахъу, жэмышхэр маэзм кьриифыбдэу зарылажьэр махуэ пщыкІутхуэр. Я улахуэр хьупІэхэм щыІэ адрей хозяйствэхэм щатым нэхъри нэхъыбэщ, ерыскъы хэпльыхьакІэ догъашхэ, езыхэри кьытхуэзрэщІ, дэри дахуэзрэзыщ.

Си гуапэу фэзгъэщІыхуну сыкуейт лэжьыгъэр дэзыгъэкІ, Іуэхур ипэкІэ зыгъэкІуатэ ди Іэщ1ыхъуэ гуащІафІэхэм ящыщ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ жэмышхэу Алмэ Хьэбибэ, Гъэнэ Іэсинт, Іэхъуэхэу Кумыщ Хьэмидбий, Шэру Пу-хьэмэд, Кьалэжьокьуэ МуІэед, нэгъуэщІхэри.

- ХьупІэм фыкьыщихьэм фхуэзгъэмыгъэхьауэ сыт щыІэ?

- ДыкьыззрыщІэкІэ токьыр дэ езым генераторкІэ кьыщоІэжьажьэ. Ди гъэсэныгъэ-мэ, Іуэхущапіэм, Кьунаш Пётр, Іэхъуэхэу Кьущхьэ Хьэсэн, Бабыгуей Хьэжмугуд сымэ, нэгъуэщІхэми. Мазэ улахуэми зытедгъэгусэркъым, хъарзынэу кьыдгъэлэжь.

Дехьжмэ гъавэщІэм щыщу гуэдзу, хьэрэ, нартхьыку тонн зырыз, сэкрану центнер зыщыпІ дэтхэнэми кьыдатынущ. Апхуэдэ гулъытэм ди щІыхуэм я лъэр щІегъэкІ.

Иджырстэу кьуажэм щыІэ ди псэуалъэхэр зыюей хуагъаз, мэкъумыІэр ягъэхьэзыр.

БАБЫГУЕЙ Малил,
Щоджэнщ1ыкІым и щІэкІэ щыІэ мэкъумэш хозяйствэм и унафэщІ.

Аурсэнтх гъэмахуэ хьупІэмэ мы гъэм щыгъуэ былымы 10479-рэ (2911-р жэмрэ жэмыщІэрэщ), мэлрэ бжэну 19820-рэ, шыуэ 1857-рэ.

Ахэр яйщ Аруан, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Прохладнэ, Щэджэм районхэм я мэкъумэш предприятэхэм, мэкъумэшыщІэ-фермер хозяйствэхэм, щхьэзакъуэрылажьэхэм.

Ялэ мазитІым хьупІэм жэм кьэс хуэзэу ику иту махуэм шэ литр 13-15 кьыщашащ, мы зэманым литри 9-10 и кІэ кьыхуэркъым.

P.S. *Хьэмащэ хьупІэхэм иджыпсту жэщ-махуэм гъэшу тонни 9-10 кьыщалэжь.*

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.

Зеикъуэ дэт тхъу-кхъуей цехыр хъарзынэу мэлажьэ. *Сурэтым:* Кып Хьэлимэтщ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Сыт и уасэ емыгугъуныгъэм?

Югославием щIэпхъаджагъэ щызылэжьа къэрал унафэщIхэм яхуэфащэ тезырхэр тралъхьащ. Ауэ осетин лъэпкъыр зэтраукIэну зи мурадахэр зэкIэ тезырыншэу къонэ. Сыт хуэдэ судра абыхэм я Iуэхум хэплъэнур?

ПОЛИЩУК В., *Пензэ.*

УпщIэм жэуап кърет УФ-м цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ **Лукин Владимир:**

- Мы зэманым УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм егугъуу зэхуехьэс Осетие Ипщэм куржыхэм щызэрахьа леишхуэм и щыхьэтхэр. Ахэр псори хьэзыр хъуа нэужь, Гаагэ щыIэ дунейпсо с удым Iэрагъэхьэнущ. Къызэрысфlэщlымкlэ, мы судым куэдкIэ ущыгугъ хъунукъым. Абы лъэныкъуитIри (куржыхэри осетинхэри) зэхуэдэу къуаншэу къыщIригъэдзынкIи зыхуэIуа щыIэкъым, Цхинвалым къыщыхъуахэр Куржым и къэралкIуэцI Iуэхуу къилъытэу. Лей зытехьахэм я Iуэхур нэхъ зрахьэлIапхъэр, шэч хэмылъу, Страсбург щыIэ судырщ.

Урысей гъавэ союзым и информацэ-аналитикэ департаментым и унафэщI Звягинцев Дмитрий жеIэ:

- Пэжщ, иужьрей илъэс 15-р къапщтэмэ, мы гъэр гъавэ гъэкIхэм нэхъ яхуэугъурлауэ къэплъытэ хъунущ. IэщIагъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, ди къэралым гъавэу къыщрахьэлIэнущ тонн мелуан 97-м нэблагъэ. Ар хъарзынэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIакхъуэм и уасэр ехуэхыным зэран хуохъу гъавэр къэлэжьыным текIуадэ гъэсыныпхъэхэр, электрокъарур, транспорт Iу эху тхьэбзэхэр, нэхъапэхэми хуэдэу, зэрылъапIэйр.

Редакцэм къыбгъэдэкIыу: Гъавэр къэралым къыщемыхъулIэм и деж щIакхъуэм и уасэм хагъахъуэ. Хагъахъуэ гъавэр бэв щыхъукIи. Зэрыжа Iэщи, Урысейр зыхуэдэр акъылым къыпхуигъэтIэсэнукъым!

Уэлбанэ кIыхьыр узыншагъэмкIэ зэрану яIуатэ. Ауэ си дежкIэ фIыщ. Ар гъэщIэгъуэнкъэ?

КОСТИНЭ Ольгэ. *Москва.*

РГМУ-м пульмонологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI, профессор Новиков Юрий къызэрыджиIамкIэ, уэшхыр сэбэпщ аллергие узыфэр зиIэхэмкIэ. Дунейр хуабэвэх щыхъукIэ, ар икъукIэ къатохьэлъэ зи лъыр дахэ-дахэу земыкIуэхэм («давленэ» зиIэхэм). НэгъуэщI узыфэхэри щыIэщ уэлбанэм игъэувыIэу. КъимыдэкIэ, уэшхым хьэуар егъэкъабзэ - ари куэд и уасэщ.

ЩIыуэпсым зэрызихъуэжыр нэрылъагъущ: зэм дунейр уэлбанэ кIыхьым зэщIеубыдэ, зэми хуабэр мэятэ. Еджагъэшхуэхэм ди гур фIы къащI, ущIэгузэвэн щымыIэу къыджаIэурэ. Сыт Iуэхум и пэжыпIэр?

ТАЛАЛИХИНЭИ., *Дмитров.*

Щыгъуазэ фыхудощI Росгидрометым и Iэтащхьэ Бедрицкий Александр и Iуэху еплъыкIэм:

- ПцIы хэмылъу, дунейр нэхъ хуабэ мэхъу. Иужьрей илъэсипщIым къриубыдэу хуабэм зиIэтащ градус ныкъуэм щIигъукIэ. Ар куэд, хьэмэрэ мащIэ? ЖыпIэ хъунущ куэдыIу эу. Сыт щхьэкIэ? Граду с ныкъуэ хуэдизщ лIэщIыгъуэ кIуам - илъэсищэкIэ! - климатыр нэхъ хуабэ зэрыхъуар. НэгъуэщIу жыпIэмэ, илъэс къэс щIох уабжьэ дунейр хуабэ зэрыхъур. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зыхуэкIуэжыр цIыхухэм жэуаплыныгъэ зэрахэмылъырщ - заводхэм Iугъуэрэ гъуэзу куэд дыдэ хьэуам зэрыхаутIыпщхьэрщ.

Зэ еплъыгъуэкIэ, дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъум цIыхухэр щIытегузэвыхьын щыIэ хуэдэкъым. Ауэ абы пыщIащ къэхъугъэ мыщхьэпэхэр (борэнхэр, псыдзэхэр, жьапщэшхуэхэр, нэгъуэщIхэри) зэрыбагъуэр. Иужьрей илъэс 30-р къапщтэмэ, апхуэдэ къэхъугъэхэр щIым нэхъыбэ щыхъуащ процент 20-кIэ.

Зэи хуэмыдэжу ди щIыпIэм куэд щыхъуауэ жаIэ бзылъхугъэ щIэпхъаджащIэхэр. Ар пэжу пIэрэ?

БОСТАНОВЭ А., *КъШР.*

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, пэжщ. УФ-м и МВД-м щыгъуазэ дызэрыхуищIамкIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым мы гъэм и япэрей мазихым процентитхум щIигъукIэ щыхэхъуащ цIыхубз щIэпхъаджащIэхэм я бжыгъэр. «Бжьыпэр» яIыгъщ Адыгэ-хьэблэ районым исхэм.

Ди къэралым и экономистхэм - аналитикхэм зэIубзу жаIэфыркъым экономикэ кризисхэр къыщыхъуну щыпIэхэр. Псалъэм папщIэ, США-м финанс кризис ин къызэрыпэплъэр ябзыщIащ е къахуэщIакъым. Апхуэдэ емыгугъуныгъэм, жэуаплыныгъэншагъэм, сэ къызэрысфIэщIымкIэ, зэраныгъэшхуэ къытхуехь. Сыщыуэу пIэрэ?

Василенкэ Д., *Пермь край.*

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием хэт, Экономикэ щIэмкIэ институтым и унафэщI Глазьев Сергей щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, щIэныгъэлIхэм я емыгугъуныгъэм и Iэужьхэр бжыгъэ щхьэхуэхэмкIи къыпхуэгъэлъэгъуэнущ. Псалъэм папщIэ, Урысейм и валютэ гъэтIылъыгъэхэм я уасэр зэрехуэхам къыхэкIыу, ди къэралым фIэкIуэдащ доллар мелард 50 хуэдиз. Къулыкъузехьэхэр мэшынэ а Iуэхум тепсэлъыхьыну. Ауэ щыхъукIэ долларым и пщIэр ехуэх зэпытщ. Сэ шэч къытесхьэркъым илъэситху нэхъ дэмыкIыу долларым и уасэр хуэдитIкIэ нэхъ пуд зэрыхъунум.

США-м финанс кризис къызэрыщыхъунур нэхъапэхэм мызэ-мытIэу жаIат IэщIагъэлI цIэрыIуэхэу Кобяков Андрей, Хазин Михаил, нэгъуэщIхэми. Ауэ абыхэм я псалъэр зыуи къырадзакъым къэрал унафэщIхэм. Иджыпстуи дызытепсэлъыхь Iуэхум теухуауэ къэхутэныгъэ гуэрхэри зыми иригъэкIуэкIыркъым.

«Аргументы и факты», «Аргументы недели», «Труд-7», «Комсомольская правда» газетхэм къахэтхащ.

Шыщхьэlум и 6-м щIалъхьащ тхакIуэ цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр зрата Солженицын Александр. ЩыщIалъхьар Новодевичье кхъэркъым, Москва дэт Дон къулъшырыфым и пщIантIэрщ. Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур?

НИКОЛАЕВ И., *Рязань.*

Абы и щхьэусыгъуэр езы тхакIуэм и уэсятырщ. Дон къулъшырыфым къыбгъэдэт кхъэм щыщIалъхьэну Солженицыныр еIпъэIуат Урысей псом и патриарх Алексий ЕтIуанэм икIи абы къигъэгугъат тхакIуэм и фIэфIыныгъэр къилъытэну.

Гу зылъытапхъэщ мы къулъшырыфым пэгъунэгъу кхъэри илъэс щиплIым щIигъуауэ зэрыщыIэр, абы цIыху цIэрыIуэ куэд (драматург Фонвизиныр, философ Чаадаевыр, тхакIуэхэу Херасковыр, Сумароковыр, нэгъуэщIхэри) зэрыщыщIалъхьар.

Солженициныр щIэлъэIуат 1911 гъэм дунейм ехыжа тхыдэтх щэджащэ Ключевский Василий и мащэм пэгъунэгъуу щIалъхьэнуи, абыкIи къагъэщIэхъуакъым.

Иджыблагъэ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Гордеев Алексей цIыхубэ информацэм и лэжьакIуэхэм къажриIащ зэи хуэмыдэжу ди къэралым гъавэ бэв къыщрахьэлIауэ. Апхуэдэу Iуэхур щыщыткIэ, сыт щIакхъуэр нэхъ пуд щIэмыхъур?

КУРЧАТОВ Д., *Владивосток.*

Хъуэжэ къыщалъхуа илъэсыр

● Фэеплъ

Азие Курытым, Кавказым, Балкан, хьэрып къэралхэм щызокIуэ Хъуэжэ теухуа хъыбар куэд дыдэ.

А КЪЭРАЛХЭМ ящыщ дэтхэнэми къыщалъытэ Хъуэжэ къыщыхъуари, щыпсэуари, щылIэжари я щIыпIэрауэ. Псом хуэмыдэу цIыхубэм къахэкIа лIы Iущыр «зрагъэбыдылIэну» хэтщ тыркухэр.

Иджыблагъэ Тыркум и къалэ Акшехир щекIуэкIащ Хъуэжэ къызэралъхурэ илъэс щий зэрырикъуам теухуа дунейпсо гуфIэгъуэ дауэдапщэ. Фестивалыр (49-нэр) къызэIуахащ «ФыгуфIэ!» къыхуеджэныгъэм щIэту. ЦIыхухэм я нэгу зрагъэужьащ: ахэр къэфащ, уэрэдхэр яIэтащ, гушыIащ. Хъуэрыбзэ нэхъыфI зэхэзылъхьам къызэгъэпэщакIуэхэр хуэупсащ саугъэт хъарзынэкIэ («Хъуэжэ и дыщэ шыдымкIэ»).

Хъуэжэ и мывэпкъ фэеплъ дэтщ Сиврихисар къалэм: лIы Iущ гушыIэрейр и шыдым тесщ, и гупэр шыдыкIэмкIэ гъэзауэ, башышхуэ IэщIэлъу. Фэеплъым тетхащ Хъуэжэ и псалъэхэр: «Мыбдежращ дунейм и курыкупсэр». Фэеплъым пэгъунэгъуу цIыху куэд щопэкIу. ЦIыху кIуапIэщ мыжыжьэу къыщыт, Хъуэжэ къыщалъхуауэ ялъытэ къуажэ цIыкIури. Абы и ут нэхъыщхьэм итщ домбеякъ фэеплъ цIыкIу. Абы тетхащ мыпхуэдэу: «Мы жылагъуэм 1208 гъэм къыщалъхуащ 1284 гъэм Акшехир къалэм щылIэжа Насреддин».

Фэеплъ нэхъыщхьэр, дауи, Хъуэжэ теухуа хъыбархэрщ, гушыIэр куэду зыхэлъхэрщ, цIыхухэм я гукъыдэжыр къэзыIэтхэрщ.

ЕРОВЧЕНКОВ Алексей. *«Эхо планеты».*

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

МИД-м и унафэщIыр МГИМО-м зыубгъуауэ къыщыпсэлъащ Урысей-Куржы зэхущытыкIэхэм ятеухуауэ. Абы къыжиIахэм ящыщу нэхъ гу зылъытапхъэу къыдолъытэ мыхэр.

УФ-м хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ и министр ЛАВРОВ Сергей: «Гугъэ нэпцIхэр къухьэпIэ къэралхэм тIэщIахыр»

Къэралыгъуэ тэмэмкъым

США-мрэ абы къадэщIхэмрэ къыхахыну зыхущIэкъур, зэрытлъагъущи, я лъэпкъхэм я сэбэп зыхэлъхэркъым, Саакашвили зыхуейхэрщ. Ар, дауи, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щыуагъэшхуэщ.

Куржыр Осетие Ипщэм зэрытеуам хуэфащэу Урысейм ирита жэуапыр щапхъэфIу къэплъытэ хъунущ. Ар зыкIи япэщIэувэркъым дунейпсо хабзэхэм. Шэч хэмылъу, Саакашвили зи пашэ гупым Iэщэ яIэрыгъэхьэныр къызэтегъэувыIапхъэщ, мы щIыпIэм и унафэщIхэр зэрахъуэкIыу къэралыгъуэ тэмэм щызэфIэувэжыхункIэ.

КъухьэпIэ къэралхэр

Америкэм къыгурыIуэн хуейщ дунеищIэм и хабзэхэр. Абы зэпсэлъэныгъэхэр дедгъэкIуэкIынущ, дызэгурыIуэнымкIэ гугъапIэ гуэрхэр дыгъэ хуикIэ [illegible] жыдо[illegible]хэм яхуэгъэзауи. Языныкъуэ политикэ лэ жьакIуэхэм дагъэшынэну хэтщ, Германиер къыдаутIыпщыну жаIэурэ. Абыхэм фIы ягу илъкъым, зи Iуэху зэрахуэр я сэбэп зыхэлъу къафIэщIхэрщ.

Урысейр нэхъ зыхуейр

СНГ зэгухьэныгъэр шахматым хуэдэу къэдгъэсэбэпыну дыхуейкъым. Дэ къэтлъытэр хъуэр къэрал псоми я сэбэп зыхэлъхэрщ. Ауэ, хуей хъумэ, дызэкъуэувапхъэщ, цIыхугъэм пыщIа хабзэфIхэм дытету. Тэмэму, губзыгъэу дызэдэлэжьапхъэщ, гугъэ нэпцIхэм, къухьэпIэ къэралхэм тIэщIахахэм, дакIэлъымыIэбэжу.

«Уэ сыт хуэдэ гугъэ нэпцIхэм уакъыпыкIа?» - мы упщIэмкIэ захуэдгъэзащ IэщIагъэлI, политикэ [illegible] щIэ зыбжанэм. Щыгъуазэ фыхудощI абыхэм къыдата жэуапхэм.

ИНИН Аркадий, *тхакIуэ:*

- Перестройкэм теухуауэ зэгуэрым фIыуэ жаIахэм ящыщу зыри си фIэщ хъужыркъым. СогъэщIагъуэ: щхьэ занщIэу къызгурымыIуарэ а псалъэм фэрыщIыгъэу хэлъыр зыхуэдизыр! ЗэрыжаIэщи, щыщIалэм деж цIыхур революционерщ, гу лъэпкъ зыкIуэцIымылъщ, жьы хъуамэ, хуейхуэмейми, мэгупсысэ, зэрыгупсысэн акъыл иIэмэ.

СОРОКИНЭ Светланэ, *тележурналисткэ:*

- Нэхъапэхэм къысфIэщIырт унафэщIышхуэхэр цIыху къызэрымыкIуэу, нур телъыджэ гуэрым къыхэщIыкIауэ. ГъащIэм сриудэкIыурэ, къызгурыIуащ ахэр дэ тщыщ дэтхэнэми зэрещхьыр, куэдрэ зэрыщыуэр, мыгъуагъэ Iэджэми зэрыхэхуэр.

Уткин Анатолий, РАН-м дунейпсо къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и унафэщI:

- Гугъэ нэпцIхэм сакъыпыкIащ 1988 гъэм. Абы щыгъуэ къызгурыIуат Горбачев, Шеварднадзе сымэ фIы гуэркIэ дащыгугъ зэрымыхъунур. Мыгувэу зыхэсщIащ Ельцинри зыхуэдэнур, США-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта Гейтс Роберти зэрыжиIэгъащи, абы «Урысейм и тхыцIэр зэрикъутэфынур».

ВОЙНОВИЧ Владимир, *тхакIуэ:*

- Сэ бэлыхьлажьэу зэи къысщыхъуу щытакъым Совет Союзри КъухьэпIэ къэралхэри. Ауэ нэхъапэхэми мы зэманми быдэу си фIэщ мэхъу ди къэралым нэхърэ хамэ къэрал куэдым цIыхухэр Iэджэ кIэ нэхъыфIу зэрыщыпсэур.

Светланэ, *щIэджыкIакIуэ:*

- Нэхъапэхэм шэч лъэпкъ къытесхьэртэкъым олимпиадэхэр хьэрэмыгъэншэу, захуагъэ нэсым тету зэрекIуэкIым. Иужьрейуэ Китайм щекIуэкIа зэхьэзэхуэшхуэм си Iуэху еплъыкIэм зригъэхъуэжащ: хьэрэмышхщ судыщIэ куэдыр.

КРАСНИКОВ Никитэ. *«Комсомольская правда».*

● Фысакъ!

Куржы тIасхъэщIэххэр

Владикавказ щылажьэ чекистхэм иджыблагъэ къаIэрыхьащ Куржым хуэлажьэ тIасхъэщIэхыу бгъу. Я гугъу ныфхуэтщIынщ «къэпхъэным» къиубыдахэм ящыщ зыбжанэм.

ИМЕРЛИШВИЛИ Хвичэ и IэщIагъэкIэ дохутырт, Владикавказ дэт дзэ госпиталь №236-нэм щылажьэрт. И щхьэцыр икIами, цIыхубзхэм фIыуэ къалъагъурт. И хьэлщэнкIэ, зэрыжаIащи, зэкIуэцIылът, и дзыхь зыми иригъэзыртэкъым. Ахъшэр зыпищI щыIэтэкъым. Арaщ нэхъыбэу къызыхэкIар и къалэнхэм епцIыжыныр, цIыхуей хъуныр. 2006 гъэм и щIышылэ мазэм щIидзауэ Куржым хуолажьэ, тIасхъэщIэх пщэрылъхэр игъэзащIэу. Иужьрей илъэситIым къриубыдэу Тбилиси пщIэнейрэ кIуэн хуей хъуащ, урысей мамырщIэкъу къарухэм, 58-нэ армэм теухуауэ «бзэгу» яхуихьурэ. Хвичэ къыщаубыдам къыкъуахащ зауэ хуэIухуэщIэхэр, фащэ зэмылIэужьыгъуэхэр, госпиталь зыщылажьэм къыщидыгъуа хьэпшып, ерыскъы лъапIэйхэр.

Хачиров Александр, «Ока» автомашинэ цIыкIум и рулыр IэщIэлъу, Куржымрэ Осетие Ипщэмрэ я зэхуакум щызеуэрт, КПП-хэм («къэпщытакIуэ пункт» жыхуаIэхэм), гъуэгуанэ щэхухэм, тоннелхэм, 58-нэ армэм и егъэзыпIэхэм сурэт ятрихыу. Дэтхэнэ «къалэнри» игъэзащIэрт, долларищэ хуэдиз къратырти. Хачировым къыкъуахащ магнитым игъэлажьэ лагъымрэ ар къызэрагъауэ Iэмэпсымэрэ.

Богданов Марлен (Балашвили) дзэ къулыкъум пэрыта, тIасхъэщIэх Iуэхухэм щыгъуазэ IэщIагъэлIт, зэманзэманкIэ Москва, Осетие Ищхъэрэм кIуэрт. ЗэфIигъэкIа «Iуэхутхьэбзэхэм» къапэкIуэу къратат доллар минихх.

Владикавказ дэт шхапIэхэм ящыщ зыр бэдджэнду къищтат «хьэрычэтыщIэ» Херкеладзе Зазэ. Абы зэригъэпэщат урысей паспорт. ШхапIэм къыщIыхьэхэм (дзэм пыщIауэ къыфIэщIхэм) запищIэрт, фадэкIэ яхуэупсэрт, япкърыупщIыхьурэ, зыхуей хъыбархэр къаригъэIуатэрт, щыгъуазэ зыхуэхъуа щэхухэр псынщIэ дыдэу Тбилиси нигъэсырт. Абыи IэпщэхIу быдэкIэ и Iэхэр яхузри, хуэфащэ егъэзыпIэр (лъэхъуэщыр) ирагъэгъуэтащ.

IэщIагъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Куржым хуэлажьэ тIасхъэщIэххэр зыкъом мэхъу. Абыхэм я бжыгъэм дяпэкIэ къыхэхъуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ.

ЛИХАЧЕВЭ Оксанэ. *«Комсомольская правда».*

● Щэхур нахуэ къохъу

Дагъэшынэну хущIокъу

Урысейр Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ къэзэрыщхьэщыжар къуэкIыпIэ къэрал зыбжанэм я унафэщIхэм гущIыхьэ ящыхъуауэ, зыкъытхуагъэгусэ, дыкъуаншэу яIуатэ, уеблэмэ дагъэшынэну хущIокъу.

Я ПЭРАУЭ Дунейпсо Сату Организацэм («ВТО» жыхуаIэм) дыхамыгъэхьэну яукъуэдий. ЕтIуанэрауэ, нэхъ лъэщу къалъытэ къэралхэу 8-м я зэхуэсхэри дяпэкIэ екIуэкIыну къыщIэкIынущ Урысейр хэмыту. Сочэ щыIэну Олимпиадэм я спортсменхэр къамыгъэкIуэну, «Газпромым» хуаIэ зэпыщIэныгъэхэр къызэпаудыну, ди къэралым и банк системэм и лъэр щIаудыну жаIэурэ, «Iэжьэкъур ирач» Польшэм, Канадэм, США-м я унафэщIхэм.

Псом хуэмыдэу зегъэпхъашэ США-м и къэрал секретарь Райс Кондолизэ. Абы къыжьэдэкIащ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Урысейр щремыгугъ Куржым текIуэну - ар НАТО-м идэнукъым».

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ урысей IэщIагъэлIхэр (экспертхэр) мы Iуэхум зэреплъым.

Ермаковэ Наталье, Къэрал Думэм и депутат:

- ЩIыдагъэр лъапIэу щэныр Урысейм зыми къыпиубыдыфынукъым. Ди сатум нэхъри зедгъэубгъуфынущ, абы Азием и къэралхэр, псом хуэмыдэу Китайр, къыхэтшэу. ВТО-м дыхэмыхьэми ягъэ кIынукъым - абы дыхуеищэуи къэслъытэркъым.

Делягин Михаил, Глобализацэ Iуэхухэмкlэ институтым и лэжьакIуэ:

- США-р хущIэкъунущ и хьэпшыпхэм ящыщ гуэрхэр къыдимыщэну. Абы кърикIуэнур мыращ: а хьэпшыпхэр ди къэралым щащIу щIадзэнущ. Европэм и къэралхэм газ ткIуаткIуэу яIэр мазищ-плIы хуэдизкIэ яхурикъунщ. Урысейр бий къащIмэ, ахэр гугъуехьу зыхэхуэнур зыхуэдизыр къэлъытэгъуейщ. Абы зэкIэ зыри дахэ-дахэу егупсысыркъым. Къэралийр зыхэт клубми дыхуэныкъуащэкъым.

Орлов Дмитрий, Политикэ, экономикэ коммуникацэхэмкIэ IуэхущIапIэм (агентствэм) и унафэщI:

- Ди къэралым и дыщэ гъэтIылъыгъэхэм я уасэр ехуэхыным США-м и сэбэп хэлъкъым, «дефолт» жыхуаIэр къатегуплIэнущи. Банкым зи мылъкур хэзылъхьахэм я фейдэ зыхэмылъ унафэхэр ящIмэ, арaщ дызыхуеиххэр - Урысейм ираша ахъшэм ди деж къигъэзэжынущ.

Дугин Александр, политолог:

- США-м куэд щIауэ Урысейр и бийуэ къелъытэ. Мамырыгъэм теухуа псалъэмакъхэр ягъэIуми, американ къулыкъущIэхэм я мурадхэр зыхуэунэтIар дызэрыдагуэнырщ, ди щIыуэпс къулеигъэхэр зэрытIэщIагъэкIыныр. Апхуэдэ мурад щэхухэр нахуэ къащIащ иужьрей къаугъэхэм. Дагъэшынэну, дагъэубзэну хущIокъу американхэр. Ауэ абыхэм яIэкъым тезыр къызэрыттралъхьэфын Iэмал гуэри. Зауэ къаIэтынущи - абы езыхэр хэкIуэдэнкIэ хъунущ. Си гугъэщ мы зэманым адэмыдэкIэ къыщагъэхъей «сабэр» мыгувэу тIысыжыну, дунейр зэтес, мамыр хъужыну.

Ауэ дэри зыхэтщIапхъэщ щIыдагъэ, газ ахъшэхэм зыкъомкIэ дызэрагъэбэлэрыгъар. ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр хэтлъхьэн хуейщ егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, нэгъуэщI системэхэми. Ди къарур зэщIэдгъэуIуэн хуейщ, бийр зэи къыттемыгушхуэн хуэдэу.

Тыгъэр зыгъэхьэзырар ПЕТРЕВЭ Татьянэщ. «Аргументы и факты».

● Мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхуэс

КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ

Куржыр Осетие Ипщэм зэрытеуам теухуа псалъэмакъышхуэ щекIуэкIащ Душанбе къалэм. Абы щызэрихьэлIат Шанхай зэгухьэныгъэм («ШОС» жыхуаIэм) хэт къэралхэм (Къэзахъстаным, Китайм, Къыргъызым, Урысейм, Таджикистаным, Узбекистаным) я унафэщIхэр, кIэлъыплъакIуэ статусыр зиIэ къэралхэу Индием, Монголием, Ираным, Пакистаным я лIыкIуэхэр.

ЗЭХУЭСЫМ нахъ эуи щэху уи (унафэщI щхьэхуэ хэр зэIущIэурэ) наIуэ къыщащIащ НАТО-мрэ Евросоюзымрэ щагъэхъыбархэр пэжым зэрыпэIэщIэр, Куржыр хьэкIэкхъуэкIагъэ хэлъу Осетие Ипщэм зэрытеуар, цIыху лажьэншэхэр бэлыхь иным зэрыхэ хуар. Ауэ Урысейр зыгъэкъуаншэхэри щыIэщ. Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ министр Лавров Сергей зэрыжиIамкIэ, абы и щхьэусыгъуэр мыращ. ШОС-м и зэхуэсым и пэ къихуэу КъуэкIыпIэм и къэрал щхьэхуэхэр къызэхакIухьат США-м и къулыкъущIэ зыбжанэм, езыхэр зыхуей унафэхэр Душанбе щыпхагъэкIыну я мураду. Ауэ Урысейм и Iэ гащхьэ эм, щапхъэ Iупщlхэр къагъэсэбэпурэ, наIуэ къащIащ Куржым илэжьа хабзэншагъэр, абы и Iэужьхэр.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ зэныкъуэкъуныгъэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэм, зауэр Куржым къызэригъэхъея щIыкIэм, осетин лъэпкъыр къегъэлыным ху эунэтIауэ Урысейм илэжьа Iуэхухэм.

ШОС-м хэтхэм Iу эху м и пэжыпIэр къагурыIуащ, икIи зауэр къэзыгъэхъеяхэм зэрахьа лейр яху эбгъэгъу мыхъуну, мысэх эм яху эфащэ тезырхэр ятелъхьапхъэу къалъытащ.

Зэхуэсым къыщащтащ КъуэкIыпIэ, КъухьэпIэ лъэныкъуэхэм щыIэ къэралхэр мамыру зэдэпсэуныр къызэгъэпэщыным, кIэлъыплъакIуэ статусыр зиIэ къэралхэм я хуитыныгъэхэр хэгъэхъуэным, къэралхэм я зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным теухуа унафэ щхьэхуэхэр.

КОЛЕСНИЧЕНКЭ Александр. *«Аргументы и факты».*

Ипщэ щIыналъэм щыхъыбархэр

● КIэщI дыдэу

★ КАВКАЗ Ищхъэрэм (Минвод, Псыхуабэ, ЕсэнтIыгу, Нартсанэ, Железноводск къалэхэм) щыIэ зыгъэпсэхупIэхэм гъэмахуэ мазищым къриубыдэу щыхьэщIащ Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщу цIыху мин 315-рэ хуэдиз; нэгъуэщIу жыпIэмэ, 2007 гъэм и гъэмахуэ зэманым мы къалэхэм къэкIуахэм нэхърэ процентипщIкIэ нэхъыбэ.

★ Дагъыстаным и къалащхьэм пэмыжыжьэу иджыблагъэ хьэзыр щащIащ псы хъумапIэшхуэ, метр 700 и кIыхьагъыу, метр 250 и бгъуагъыу. Абы и фIыщIэкIэ Махъэчкъалэ и ипщэ лъэныкъуэм щыпсэухэм дяпэкIэ псыр пэрыхьэту яIэнущ.

★ Дон Iуфэ Iут Ростов къалэм метрополитен щаухуэнущ. Абы и проект-сметэ документацэр зэхэзылъхьэну гупыр къызэрагъэпэщащ. Ухуэныгъэм щIадзэнущ 2014 гъэм.

★ Грознэ къалэм и Iэтащхьэ Хучиев Муслъим унафэ ищIащ нэщI мазэр икIыхункIэ шхапIэхэмрэ тыкуэнхэмрэ фадэхэкI щамыщэну.

«Северный Кавказ» газет.

● Абхъаз Республикэ

Куржым ягъэса Абхъаз Республикэм и Правительствэм и Унэм деж Хунтыныгъэм и махуэр щагъэлъапIэ. *2008 гъэ, шышхьэIум и 28.*

Куржым и президент Саакашвили Михаил и унафэкIэ зауэзIэхэм Цхинвал къалэр зэтракъута, цIыху лажьэншэу минитIым щIигъу зэтраукIа нэужь, къудзым зыхащIэ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ Iэмал имыIэу къэралыгъуэ щхьэхуэ хъун зэрыхуейр. Арaщ къыхэкIыу, Урысейр я гуэщIыу, абхъазхэмрэ осетинхэмрэ, уасэншэу щIатами, я мурадхэр зрагъэхъулIащ. Абыхэм яIэ хъуащ я щхьэхуитыныгъэм и щыхьэт бэракъхэр.

«Эхо планеты» журналым къытхьащ.

ИлъэсищэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Сыбыр КъуэкIыпIэм, Тунгускэ псым пэгъунэгъуу, уафэм къыщехуэхауэ щытащ нобэр къыздэсым щIэныгъэлIхэм зищIысыр яхуэмыубзыху пкъыгъуэ лъэщ гуэр. Языныкъуэхэм хуагъэфащэ а пкъыгъуэр метеориту е кометэу, нэгъуэщIхэм яфIэщыпэу яукъуэдий планетэ жыжьэ гуэрым къилъэтыкIа «тепщэчыр» тайга мэзыжьым и щыгум къыщыуауэ, цIыкIу-цIыкIууи щызэпкърылъэлъауэ.

СЫТ IУЭХУМ и пэжыпIэр? А упщIэм жэуап кърет академик, метеоритхэр куэд щIауэ зыдж щIэныгъэлI цIэрыIуэ Галимов Эрик. Абы йопсэлъылIэ «Эхо планеты» журналым и обозреватель Мидлер Александр.

- Мы къэхъукъащIэм теухуауэ еджагъэшхуэхэм ящыщу дэтхэнэра зи Iуэху еплъыкIэр нэхъ тэмэму къэплъытэр?

- Япэрауэ, пэжым пэIэщIэу собж «тепщэч» Iуэху зезыхуэхэри, щIыр хьеяуэ, зэлъыIукIауэ зыIуатэхэри. Сыт щхьэкIэ? ЩIэныгъэр зыхуэныкъуэ тегъэщIапIэ быдэхэр яIэкъыми. ЯIэр сыт? ЩIыпIэм щыпсэухэм, щакIуэхэм, Iэщыхъуэхэм ягъэхъыбархэрщ, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм я «жыпхъэм» имытхэрщ, IуэрыIуатэ Iэужьхэм ещхьхэрщ.

Зи гугъу тщIы Iуэхухэр къызэрыхъурэ илъэс 13 дэкIа нэужьщ еджагъэшхуэ Кулик Леонид зи пашэ гупыр Сыбырым щыкIуар, щIэныгъэлIхэм къэхутэныгъэ щхьэхуэхэр щрагъэкIуэкIар. Сыт абыхэм къагъэлъэгъуар? Япэрауэ, куэд щыхьэт техъуащ уафэр ину зэрыхъуэпскIам, Iэуэлъауэшхуэ, топгъауэ макъым ещхьу, къызэрыIуам, километр зэбгъузэнатIэу минитIым щIигъум жыгхэр зы лъэныкъуэмкIэ гъэзауэ зэрыщигъуэлъыкIам. А псоми къахэкIащ «метеорит» фIэщыгъэр.

- Абы лъандэрэ илъэсищэм нэблэгъащ. СыткIэ зихъуэжа щIэныгъэлIхэм я Iуэху еплъыкIэм?

- Уафэм къехуэхар метеориту щытамэ, абы къриудынут зы километр зи кIыхьагъ, метрищэ хуэдиз зи куугъ кумбышхуэ. Апхуэдэ гуэри къыщагъуэтакъым къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIа щIыпIэм. Къыщагъуэтакъым метеорит къутахуэхэри.

● ЩIэныгъэ

Тунгус метеоритыр

- Сыт абы къикIыр?

- Сэ къызэрыслъытэмкIэ, метеориткъым уафэм къехуэхар, кометэ мыинщ. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм арэзы тохъуэ еджагъэшхуэхэу Астапович И., Фесенков В., Вольф М., нэгъуэщIхэри. Куэдым зэращIэщи, метеоритхэр уэгум къыщыуэркъым. Зи гугъу тщIа пкъыгъуэр щIым къытемыхуэ щIыкIэ къауэри, цIыкIу-цIыкIуу, лъэужьыншэу зэбгрылъэлъащ. Ауэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, «кометэ теориер» зымыдэ щIэныгъэлIхэри щыIэщ. Абыхэм къагъэув мыпхуэдэ упщIэхэр: «Кометэр атмосферэм «хисхьэн» хуеякъэ? Ар нэхъыбэрэ къыщыуэр щIым километр 200-300 хуэдизкIэ пэIэщIэущ. Сыт апхуэдэу щIэмыхъуар Тунгусскэ деж къэса пкъыгъуэр» ЗэкIэ зэIубзкъым а упщIэхэм я жэуапхэр. Абы къыхэкIыу жыпIэ хъунущ «Тунгус метеоритым» и щэхур иджыри нахуэ къэмыхъуауэ.

- Къэхъуауи сощIри, къызгурыIуэркъым абы и мыхьэнэр. Еджагъэшхуэхэм я закъуэу къыщIэкIынущ мы къэхъугъэм и щэхум хуейр. Сызахуэ?

- Хьэуэ. ЩIым мызэ-мытIэу къытохуэ «удын» зэмылIэужьыгъуэхэр. Уэгум къикI пкъыгъуэхэм, къаруушхуэ зиIэхэм, я зэранщ, псалъэм папщIэ, псэущхьэ, къэкIыгъэ Iэджэ дунейм зэрытебзэхыкIар. ЦIыхухэр хуэхьэзыру щытыпхъэщ къэхъукъащIэ мыщхьэпэхэм. Арaщ мылъкушхуэ зытекIуадэ къэхутэныгъэхэр зэпымыууэ щIрагъэкIуэкIыр. Еджагъэшхуэхэм я мызакъуэу, абыхэм я сэбэп хэлъщ цIыхубэм, гъащIэм, дуней псом.

Тхыгъэр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар ДЫЩЭКI Сонящ.

ПсынщIэрыпсалъэхэр

ПхъащIэм хьэщIэм хуищIа гущIэм,
ВыщIэр щIищIэри,
Нэщ1у, пIащIэу
ТIуащIэм кIуащ.

* * *

Мо вагъуэ бзыгъэ фIыцIэ цIур
ЗэрысфIэвагъуэ фIыцIэ цIу!
Ар уэри уфIэвагъуэ бзыгъэ фIыцIэ цIу?

* * *

Мо тIы фIыцIэ цы фIыцIэр
Уи закъуэ уи тIы фIыцIэ цы фIыцIэ?
Ар псоми ди зэхуэдэ тIы фIыцIэ цы фIыцIэщ.

• Ди хабзэхэр

Нэхъыбэм яублэрщ хабзэр

КЪЭЗАНОКЪУЭ Жэбагъы Iуэху гуэр щхьэкIэ ежьэн хуей хьуащ. Жэщыбгым къэтэджащ, и шым уанэ трилъхьэри, зыми кIымытIагъуу дэкIащ.

А пщэдджыжь дыдэм Жэбагъы деж лIы гуп дыхьащ.

Дзэмэ - и фызыр къыщIэкIри къажриIащ Жэбагъы зэрыдэмысыр.

- Дэнэ кIуа? - щыжаIэм:

- Ныжэбэ дэшэсыкIащ, - жиIащ фызым.

- Iэу, ар дауэ ухъут? - жаIэри, пхъэрышхуэ кIэльаутыпщащ Жэбагъы.

Пхъэрыр щыхьащ Жэбагъы.

- Iэу, ар дауэ ухъут, Жэбагъы, зыми имыщIэу жэщ ныкъуэм щхьэ укъыдэкIа жыIэм?

- Жыпэр си гъуэгущхьэ тезгъэпыхьэнкъым жысIэри, жэщу сыкъежьащ.

- АтIэ, уэ уожьэ, хэт ищIэн Iуэгум къыщыхьуар? Зы унафэ гуэр къытхуэщI. Дыззэрыпсэун хабзэ къытхуэгъанэ.

- БлэкIам фыкIэпымыдж, зэман къакIуэм екIурщ лIыр, фи нэхъыбэм яублэрщ хабзэр, - жиIащ Жэбагъы.

Ар яжриIэри, и гъуэгу теувэжащ.

• Щыкiухэм жаIэ

- Мамэ, мамэ, папэ ебгъэшхыну стIолым тебгъэува шатэр сымыщIэу искIутащ.

- АтIэ, уи адэр къэтэджмэ, жесIэнур сыт?

- Зыри жумыIэ, мамэ ету зытебдза и гъуэншэджым тескIащи, езым илъагъунущ.

* * *

- Садикымрэ школымрэ дэтхэнэр нэхъыфI, ПытIыкъ? - иоупщI адэшхуэр и къуэрылъхум.

- Школыр Iэджэкlэ нэхъыфIщ, дадэ.

- Ар щхьэ нэхъ уигу иригъэхьрэ?

- Садикым махуэ псом дыщыIэт, школым шэджагъуэ хъухущ дыззэраIыгъыр.

* * *

Адэ-анэм Iуэху ящIэу я щIалэ цIыкIур джэгуакIуэ кьикIыжри кьыдыкъэжащ.

- Инышхуэ хъьумэ, уэри укъыддэIэпыкъунщ си псэ тIэкIу. Укъыдэ1эпыкъункъэ, - жи анэм.

- Апхуэдизрэ фыпэтыну абы? - игъэщIэгъуащ щIалэ цIыкIум.

* * *

ЕгъэджакIуэр щIалэ цIыкIум йоупщI:

- КъыджыIэт, Мурид, сыт щыгъуэ Александр Македонскэр щIилар?

- Лла мыгъуэ? Сымаджэуи зэхэсхатэкъым...

Зэхуэзыхьэсар
КЪУМЫКЪУ Бибердщ.

МАХУЭ ГУЭРЫМ гъэзугбгъум тхьэкIумэкIыхьыр машинэ блэжхэм щакIэлъыплIащ, абыхэм я зэхэлъкIэр зригъэщIэн мурадкIэ. Ар щымыхъум, «машинэр кьэзыгупсысам фIэт щхьэм хуэдэ сэ сфIэткъэ?! Е сылIын е сылIэн!...» - жиIэри жэщ псом и напIэ къемыхьу гупсысащ. Машинэ лIэужьыгъуэ куэд къыщIыхьащ абы и нэгум. Сытми, зыгуэрым къытеувыIэри, нэху зэрыщыхъэу, лэжьыгъэм еувэлIащ. Неуэ-къеузми, «IэщIагъэлIым» машинэм есцхьыфэу зыгуэр зэригъэщIащ. «БIхьы! Си Iуэхущ иджы! Си кIуэди си кIуэд!..» - жиIэщ, мэзым кьыхэжри напIэзыпIэм Iуэгум зэпрыжащ. Удзыпщ1э дахэм хэпъэдауэ кьыздижьхьым, псы ефэри кьуэкIийм кьыдэпщыжауэ мэзымкIэ кIуэж мыщрэжым жьэхэкIэрэхьущ. Ар зыхуихьынур кьыхуэмыщIэу, и жьафэр Iурыхуауэ мыщэр кьопIь. Машинэр кьигъэувыIэри, тхьэкIумэкIыхьыр, зигъэуардэу, мыщэм еупщIащ:

- ЛIо, лъэкъыцэжь, сыкъыумыщIыхужу ара?

- ЩIхьэ укъэзмыщIыхужу, назэжь цIыкIу? Мыр сыт зищIысыр?

- Машинэ уи щыпэлъагъу уэ? Мыр машинэщ. Сэ си Iэкlэ сщIащ.

- Хьы!! Куэд щIа уэ Iэщlагъэлl уэзрыхьурэ? - жиIэу мыщэр щежьэжым, тхьэкIумэкIыхьыр кIэлъыджащ:

- УмыпIащIэ, унэжьи! КъытIысхьэ мыдэ, укъесщэкIынщ!

- Уи гъэзгу тет, тхьэкIумашэ. Сытым ищIыс машинэкlэ уэздэжр?!



- Ахьа-а! Ушынащ! Аракъэ? УкъитIысхьэмэ, къэщIэнщ ар зищIысыр!

- Щынэ мыгъуэ ущIи уэ гъуамэм... гъуэмтIымэурэ ищхьащ мыщэр. ТхьэкIумэкIыхьым и машинэр мыщэр кьызыдэпщыжа щыхупIэмкIэ иунэтIащ, шэ цIывауэ щIигъэпхьащ, щыхупIэм елъэным зы щэтвэр фIэкIа имыIэжу зэуэзэпсэу кьигъэувыIэри, мыщэм еупщIащ:

- ПлъэгъуаI, лъэбыцэжь, ЕщIагъэлI?

- С-слъэгъуащ, - жиIащ мыщэм, и бзэр кIэнтIыу. - Сэ-сэ сигъэкIыжи...

- Зэ умыпIащIэ, хуэмыху, аракъым зэрыхьур, - машинэр кьигъэувэщ, адкIэIуэкIэ щылъ мывэшхуэмкIэ иунэтIщ, мывэм жьэхуэуэным зымащIэ фIэкIа имыIэжу зэуэзэпсэу кьигъэувыIэри еупщIащ:

- ПлъэгъуаI, лъэкъыцэжь, машинэ зехуэ?

- С-слъэгъуащ, - жиIащ мыщэм. - Иджы модэ мо тхьылымпIэм деж сыщэ. Хьуэ жыпIэрэ, сэ сигъэкIыж.

- Ууей! Ара мыгъуэ плъэкIынур? Си гугъати мыщэхэр бзлыхьлажьэу. Еуэ, гъуэгу махуэ, - жиIэри езым тафэм тет кхъужьеижьымкIэ иунэтIащ. Машинэр кьыхуэмыигъэувыIэжу, кхъужьейм еуэри, хьэбзэабэ ищIащ, ауэ назэм зыри кьыщщIакъым, кьыщылъэтыжри и занщIэ и гъуэгуу щIэпхьуэжащ.

КЪЭЛАКIУЭ Iадин

Сыт мо къакIуэр
губгъуэм кьикIыу,
Мэзым, псышхуэм
кьыщхьэщыкIыу?
Ипэм итыр пшэ
фIыцIэжьщи,
Изогъэщхьыр
ди жэмыжьым.
Нужь ито пшэ къэкIуатэр
Ещхьыркъабзэкъэ
мэл гуартэм?
Щынэ цIыкIуэр, мес,
хужьыбзэу
ХъуакIуэу къокIуэхэр
хуэмыбзэу.
Хэту пIэрэ а Iэхъушэр
Къэзыхуфыр зэрызехьэу,
Мыуыбгъу, емызэшу,
ИчыIэхъуу мэлыхъуэхьэ?
Iэхъуэ цIыкIум
иIэщ лIыгъэ,
И цIэ дыдэр Iэхъуэм -
Жьыбгъэщ!

Бжэн

Ей, бжэн цIыкIу,
уздэкIуэр дэнэ?
Зэранныр уэ къэгъанэ.
Укъихьауэ ди жыг хадэм
Укъиплъагъуу щытмэ дадэ,
Мис итIанэ сыкъэпщIэнщ:
Уи пщэм кIапсэ
прищIэнщ,
Урипхынщ, хитIэнщи
бжэгъу -
Мис абы
уешыхукIэ егъу!

Ди сабий садыр

Дэ ди садыр хьэлэмэтщ,
Сабий цIыкIуэр
дэзу дэтщ.
Сэ сыбжыну
къыщIэздзэнщ -
Дапщэ дыхъуу пIэрэ дэ?

Мес Залинэ, мес Хьэту -
Зэхэпльхьэжым, мэхъур
тIу.
Хьид ещанэщ,
мес Руслани,
Хьидогъэхьэ ар епIланэу.

Бэрэтинэ добж етхуанэу,
Адкlэ зэрызбжынур дауэ?
Тхум нэсыхущ
сэ сыздзбжэфыр -
Дэ ди бжыгъэр
абы фIехур!



Дыгъэр си гъусэу

Сэ ди мамэ кьыззэмыджэу
Сыкъоушыр,
сыкъотэджыр.
Пщэдджыжь дыгъэр
къыщыщIэкIым
Садым докIуэ,
дыкъыщIокIри.

СокIуэ мамэ
къызбгъурыту,
Дыгъэр гуфIэу сяпэ иту.
Къэзухауэ сыщыкIуэжкIи,
Дыгъэр сяпэ кьоувжыр...

Псори зыщIэ дэ ди дадэ,
СыкIуэжа нэужь,
соупщIыр:
СыщыкIуэнур
сабий садым
Дауэ дыгъэм
къызэрищIэр?

• Нэщэнэхэр

Лъэгум фемытIэхъу

●Ерыскъым хьфIадзэ, теувэ хабзэкъым. Уеблэмэ, къэпм иль гъавэми утеувэ хъунукъым.
●ГъавэщIэр япэу щапщэфIыр унагъуэм щымыщ къащыхэмысым дежт, хамэ шхын мыхъун папщIэ, жари.
●Уи лъэгур шхэмэ, гъуэгу утеувэну ябжырт.
●Уи лъэгум ущIэтIэхьэну фIыкъым.
●Мазэм и кIэм щхьэ яупсыртэкъым.
●Мазэм ит «мэлыхьуэр» нэхъ IупщIу пльагъумэ, мэлыр бэгъуэну ябжырт.
●Мазэм куэдрэ уепльыну фIыкъым, жаIэрт.

Зытхыжар **КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыкущ**

БРАЙ Адэлбий

Бажэщ, сыт епщIэн! Бжьыдзэ хищIащи псым иригъэтхьэлэну аращ.

Сэ ар тельыджэ сщыхьауэ, псым зэпрысыкIауэ зызыутхыпщIыж бажэмкIэ сепльэкIыуэрэ, щIэнхъуэмкIэ сыщыIэбэм, хьэ цIыкIум сытеIэбащ.

ЕI бетэмал! Дэ бажэм дыкIэлъыплIыхьу, хьэ цIыкIри жьэкIэ гъуэмылэм «еплъауэ» арат!

Бажэр, джабэм кIэрыгъуэлъхьауэ зигъэгъущыжьырти, дгъэпIейтеякъым.

- НакIуэ тIэ, ди хьэ цIыкIум и ныбэ щизкIэ, бажэми бжьыдзэ щыхэмысыжкIэ, дыкIуэжынщ, - жысIащ сэ. Дыкъэтэджажри зыкьитчыжауэ, бажэм дежкIэ зэ сепльэкIыжри, сольагъу: бажэр кьыщIыльэтауэ и кьарум кьызэрихькIэ мажэ. Ар щIэзыгъэлар кьысхуэмыщIэу зыспльыхьащ - сльэгъуакъым. Сыдэпльеймэ - зы къуршыбгъэшхуэ щхьэщыту макIуэ.

Бажэр жыжьэ нигъэсынт. Бгъэм мывэ хьурейуэ зыкъридзыхащ. «Уи псэм упыкIа мыгъуэщ, бажэжь цIыкIу», - жьитIащ дэ. АрщхьэкIэ, сыт... Бгъэр щытехуэ дыдэм бажэм зиублэрэкIри, бгъэр и кущIым иригъэхуащ, асыхьэтуи зэрызехьэ кхъэхуащ. Бгъэжьыр зи гущIыIум ильэ бажэр тхыцIэкIэ телъу абы кьозауэ. Ауэрэ бажэр и гущIыIу къэхьащ, бгъэжьым и псэфрыпъэм зыщIидзащ, иукIри, ифыщIу тетIысхьэжащ.

Ар дгъэщIагъуэу дэ бажэм дежкIэ дунэтIащ, ди хьэжь цIыкIри щIэпхъуэри, ельэкъуауэрэ, зыкъомрэ жащ, ауэ бажэм гъунэгъу хуэхъуу ар кьызэрыхуильу, шынау я кьигъэкIэрэхьуэкри, и кIэр и бэкъум диущIэжауэ, си кьуагъым зыкъыкъуидзэжащ.

- И гугъу дымыгъэщI бажэм, кьилэжьащи ирешх, - жиIащ Бэлахьуэ.

Кьызэрыдгъэззэжу, ди хьэ цIыкIум и кIэр хьэлыгъуанэу ишыхьыжри, дяпэ иту кьыщIэпхъуэжащ.

- Уэлэ хьи, батэр бгъэшамэ! Нахуэу тхьэр согъэпщI, а уэ уэзрыхьэм хуэдэу ильэсищэкIэ сымыхьэмэ, - жиIащ Бэлахьуэ, кIэльыплъыуэрэ.

Хьэ цIыкIур, ар зэхиха хуэдэу, кьеплъэкIащ. «Уэлэхьи, сэри фэ тIум фхуэдэу ильэс минкIэ сыщIэкIуэнмэ», - жаIэ хуэдэт абы и нэхэм.

ТАУ Нинэ

Жыг хадэ

Зэ хуэдизыбзэу,
Псори сатырхэу
Дадэ жыг хадэр,
Фепть, игъэкIащ.
Гъатхэр къэсати,
ГъащIэ гъэдахэу,
ЗэщIэбаринэу
ЗэщIэгъэгъащ.
Гъэмахуэр
къэсым,
Дыгъэр
къатепсэм,
ЩхъуантIагъэ
защIэу
ЗэщIэлыдэнщ.
ЩIыгулъым
быдэу
ХэкIащ
я къуэпсри,
ГъащIэ гъэгуфIэу
Куэдрэ
ДиIэнщ.

Бажэмрэ бгъэжьымрэ

ЗЫ ТХЬЭМАХУЭ гуэрым ди гъунэгъу лIыжь Бэлахьуэрэ сэрэ фоч зэгуэтыжь зырыз къатщIтэри мэзым щакIуэ дыкIуат. ДыщIэкIуар Iэмал имыIэу зыгуэр къэдукIынщ жыпIэу аратэкъым. ДыхущIыхьэрти, ди нэгу зедгъэужьынщ, мэзым и дунеяфэм деплъынщ жыпIэри арат.

Шэджагъуэ нэужь хьуху зы псэущхьэ дытеплъакъым, дэ ди гъуэсэ ди хьэ цIыкIум фIэкI. Абыи банэ хэуауэ и зы лъакъуэр щIагъуэу къыдэбзыжьртэкъым. Сытми, псоми ди гугъэр хэтхыжауэ, тIэкIу дедзэкъэнщ жыпIэри, псы Iуфэ фэху гуэрым пэмыжьжьэу детIысэхащ.

Сэ щхэгъуэм деж сызыIурымылъхьэжьым, гъуэмылэм хъарзынэу хэзгъэщIу сыщысу, сыплъэри, занщIэу си нэм кьипхъуэтащ: зы бажэ плъыжьыщхуэ псы Iуфэм кьыIулъэдауэ пIащIэу и жьэ пIащIэмкIэ удэ кьурифыщIыкIырт.

- Модэ плъэт! - жысIащ сэ. Бэлахьуэ еплъэкIащ.

Бажэм мылыфыр кьифыщIри, арахьуанэм бгъэдыхьащ.

Пури дыумэзэхауэ допль.

Бажэм зигъаззэри и кIэр псым хищIащ, итIанэ щыыбгъкIэ икIуэтым-икIуэтурэ, и пэнцIыв тIэкIум фIэкI псым кьыхэмыщыж щыхьум, зыкIигъэмбрыуэри, псынщIэу псым зэпрысыкIащ.

- Ар сыт гъэщIэгъуэн, сыт абы кьригъэкIыр? - сеупщIащ си гъусэм.

- Апхуэдэу иджы етIуанэу сольагъу.

БРАЙ Адэлбий

Бажэщ, сыт епщIэн! Бжьыдзэ хищIащи псым иригъэтхьэлэну аращ.

Сэ ар тельыджэ сщыхьауэ, псым зэпрысыкIауэ зызыутхыпщIыж бажэмкIэ сепльэкIыуэрэ, щIэнхъуэмкIэ сыщыIэбэм, хьэ цIыкIум сытеIэбащ.

ЕI бетэмал! Дэ бажэм дыкIэлъыплIыхьу, хьэ цIыкIри жьэкIэ гъуэмылэм «еплъауэ» арат!

Бажэр, джабэм кIэрыгъуэлъхьауэ зигъэгъущыжьырти, дгъэпIейтеякъым.

- НакIуэ тIэ, ди хьэ цIыкIум и ныбэ щизкIэ, бажэми бжьыдзэ щыхэмысыжкIэ, дыкIуэжынщ, - жысIащ сэ. Дыкъэтэджажри зыкьитчыжауэ, бажэм дежкIэ зэ сепльэкIыжри, сольагъу: бажэр кьыщIыльэтауэ и кьарум кьызэрихькIэ мажэ. Ар щIэзыгъэлар кьысхуэмыщIэу зыспльыхьащ - сльэгъуакъым. Сыдэпльеймэ - зы къуршыбгъэшхуэ щхьэщыту макIуэ.

Бажэр жыжьэ нигъэсынт. Бгъэм мывэ хьурейуэ зыкъридзыхащ. «Уи псэм упыкIа мыгъуэщ, бажэжь цIыкIу», - жьитIащ дэ. АрщхьэкIэ, сыт... Бгъэр щытехуэ дыдэм бажэм зиублэрэкIри, бгъэр и кущIым иригъэхуащ, асыхьэтуи зэрызехьэ кхъэхуащ. Бгъэжьыр зи гущIыIум ильэ бажэр тхыцIэкIэ телъу абы кьозауэ. Ауэрэ бажэр и гущIыIу къэхьащ, бгъэжьым и псэфрыпъэм зыщIидзащ, иукIри, ифыщIу тетIысхьэжащ.

Ар дгъэщIагъуэу дэ бажэм дежкIэ дунэтIащ, ди хьэжь цIыкIри щIэпхъуэри, ельэкъуауэрэ, зыкъомрэ жащ, ауэ бажэм гъунэгъу хуэхъуу ар кьызэрыхуильу, шынау я кьигъэкIэрэхьуэкри, и кIэр и бэкъум диущIэжауэ, си кьуагъым зыкъыкъуидзэжащ.

- И гугъу дымыгъэщI бажэм, кьилэжьащи ирешх, - жиIащ Бэлахьуэ.

Кьызэрыдгъэззэжу, ди хьэ цIыкIум и кIэр хьэлыгъуанэу ишыхьыжри, дяпэ иту кьыщIэпхъуэжащ.

- Уэлэ хьи, батэр бгъэшамэ! Нахуэу тхьэр согъэпщI, а уэ уэзрыхьэм хуэдэу ильэсищэкIэ сымыхьэмэ, - жиIащ Бэлахьуэ, кIэльыплъыуэрэ.

Хьэ цIыкIур, ар зэхиха хуэдэу, кьеплъэкIащ. «Уэлэхьи, сэри фэ тIум фхуэдэу ильэс минкIэ сыщIэкIуэнмэ», - жаIэ хуэдэт абы и нэхэм.

Псальэзэблэдз

УпщIэхэр:
1. «Джэдкъуртымрэ адакъэмрэ» таурыхъым джэджьейхэр кьаашыргъэм къезыгъэла джэдкъаз лъэпкь. **2**. «Зи фэр зи бийуэ» таурыхъ псоми кьыхэщ хьилэшы. **3**. Хэт Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэр? **4**. «Дзыгъуэ и анэ Сомэрджан» шыпсэм хэт псыкIэгъэкIыжыр. **5**. Таурыхъ, псысэ. **6**. «Iэмалищэрэ зырэ» таурыхъым бажэр зыубыда Iэмэпсымэ. **7**. «Бажэмрэ уашхэмрэ» таурыхъым бажэм гъусэ хуэхъуа псэущхьэ. **8**. «ЧыцI ерыщхэр» таурыхъым кьыхэщ бгыщIэ. **9**. «Адакъэм и кIуэдыкIэ хьуар» таурыхъым хугур зыщыт бзу.



Жэуапхэр: **1**. Джэдкъуртымрэ. **2**. Бжэм. **3**. Дзэдуужь. **4**. Хьэнапир-къуакъуэ. **5**. Шынэ. **6**. Кэзанхьэн. **7**. Уашэ. **8**. Адэбэ. **9**. ТхэрыкIуэ.

Адыгэ пщащэхэр



Пщащэу диIэр
цIыху пэрыту
Ижь-ижьыжкIэрэ
къокIуэкIыр.
Хабзэ дахэм и цIыхэ ту,
Ята псальэр ягъэпжыр.

ЦIыху хьхьамэ -
нэмысыфIэщ,
Къэбгъуэтынкъым нэхъ
щIыкIафIэ.
Я Iэбэкlэр гугъэзагъэщ,
Ди лъэпкь дыщэм
я бын дыгъэщ.

БИТ Индирэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэкIымыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуарыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Льостэн Муэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкь IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щытекъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынир и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэхъуэпсыну ягъэхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м Щихабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Тхьэмокъуэ Барэсбий, корректорхэу Щоджэн Инэ, ПхытIыкI Юрэ, Табыщ Динарэ, корректорхэм я дэIныкъуэгъуэ Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Ныр Саидэ, ЩхалIуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.010● Заказ №3031